Milik Depdikbud
Tidak Diperdagangkan

SERAT MITRO MUSIBAT

TRANSLITERASI, TERJEMAHAN DAN ANALISIS

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN RI
JAKARTA
1996/1997

Milik Depdikbud
Tidak Diperdagangkan

SERAT MITRO MUSIBAT

TRANSLITERASI, TERJEMAHAN DAN ANALISIS

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN RI
JAKARTA
1996

SERAT MITRO MUSIBAT TRANSLITERASI, TERJEMAHAN DAN ANALISIS

Peneliti : Dra. Renggo Astuti
Dra. Dwi Ratna Nurhajarini
Drs. Wahjudi Pantja Sunjata

Hak cipta dilindungi oleh Undang-undang

Diterbitkan oleh : Proyek Pengkajian dan Pembinaan Nilai-nilai Budaya Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional Direktorat Jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Jakarta 1996

Edisi 1996

Dicetak oleh : CV. PUTRA SEJATI RAYA, Jakarta

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN

Penerbitan buku sebagai upaya untuk memperluas cakrawala budaya masyarakat patut dihargai. Pengenalan aspek-aspek kebudayaan dari berbagai daerah di Indonesia diharapkan dapat mengikis etnossentrisme yang sempit di dalam masyarakat kita yang majemuk. Oleh karena itu, kami dengan gembira menyambut terbitnya buku hasil kegiatan Proyek Pengkajian dan Pembinaan Nilai-nilai Budaya Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional Direktorat Jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Penerbitan buku ini diharapkan dapat meningkatkan pengetahuan masyarakat mengenai aneka ragam kebudayaan di Indonesia. Upaya ini menimbulkan kesalingkenalan, dengan harapan akan tercapai tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional.

Berkat kerjasama yang baik antara tim penulis dengan para pengurus proyek buku ini dapat diselesaikan. Buku ini belum merupakan hasil suatu penelitian yang mendalam sehingga masih terdapat kekurangan-kekurangan. Diharapkan hal tersebut dapat disempurnakan pada masa yang akan datang.

Sebagai penutup kami sampaikan terima kasih kepada pihak yang telah menyumbang pikiran dan tenaga bagi penerbitan buku ini.

Jakarta, Februari 1997

Direktur Jenderal Kebudayaan

Prof. Dr. Edi Sedyawati

KATA PENGANTAR

Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional Direktorat Jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan melalui Proyek Pengkajian dan Pembinaan Nilai-nilai Budaya Pusat telah melakukan pengkajian naskah-naskah lama, di antaranya *SERAT MITRO MUSIBAT : Transliterasi, Terjemahan Dan Analisis.*

Nilai-nilai yang terkandung dalam naskah atau dokumen tertulis meliputi semua aspek kehidupan budaya bangsa mencakup bidang-bidang filsafat, agama, kepemimpinan, ajaran, dan hal lain yang menyangkut kebutuhan hidup. Karena itu, menggali, meneliti, dan menelusuri karya sastra dalam naskah-naskah kuno di berbagai daerah di Indonesia pada hakekatnya sangat diperlukan dalam rangka pembentukan manusia Indonesia seutuhnya.

Kami menyadari bahwa kajian naskah ini belum mendalam sehingga hasilnya pun belum memadai. Diharapkan kekurangan-kekurangan itu dapat disempurnakan pada masa yang akan datang.

Semoga buku ini ada manfaatnya serta menjadi petunjuk bagi kajian selanjutnya.

Kepada tim penulis dan semua pihak yang telah membantu sehingga terwujudnya karya ini, disampaikan terima kasih.

Jakarta, Februari 1997

Proyek Pengkajian dan Pembinaan
Nilai-nilai Budaya Pusat

Pemimpin,

Soeyanto BA
NIP. 130604670

DAFTAR ISI

Halaman

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN v

KATA PENGANTAR vii

DAFTAR ISI ix

BAB I. PEDAHULUAN 1

BAB II TRANSLITERASI SERAT MITRO MUSIBAT ... 7

BAB III TERJEMAHAN SERAT MITRO MUSIBAT 55

BAB IV ANALISIS SERAT MITRO MUSIBAT

4.1 Deskripsi Serat Mitro Musibat 104

4.2 Sedikit penjelasan mengenai isi cerita Mitro Musibat 106

4.3. Ajaran-ajaran dalam Serat Mitro Musibat 107

BAB V SIMPULAN DAN SARAN 125

DAFTAR PUSTAKA 127

BAB I

PENDAHULUAN

1.1 Latar Belakang.

Negara Indonesia mempunyai penduduk yang sangat besar, yang tersebar diantara sekitar 13.000 pulau baik besar maupun kecil. Setiap kelompok mempunyai corak budaya sendiri-sendiri, yang dipengaruhi oleh kondisi lingkungan alam, sosial, maupun budaya yang berbeda. Oleh karena itu, setiap daerah di Indonesia memiliki corak budaya yang berbeda.

Disamping kebudayaan lokal yang tumbuh dan berkembang di setiap daerah, juga berkembang kebudayaan asing yang masuk melalui berbagai cara. Oleh karena itu, tidak dapat disangkal keberadaan kebudayaan nasional yang terbentuk dari kebudayaan daerah tidak lepas dari pengaruh budaya asing yang masuk ke Indonesia. Dengan kondisi yang seperti ini di khawatirkan masyarakat Indonesia tidak dapat lagi membedakan antara kebudayaannya sendiri dengan kebudayaan yang berasal dari luar. Dengan demikian keberadaan kebudayaan nasional yang terbentuk dari kebudayaan-kebudayaan daerah patut dilestarikan.

Upaya menggali kebudayaan daerah memerlukan data dan informasi selengkap dan sebaik mungkin, sehingga memungkinkan keanekaragaman unsur kebudayaan daerah tersebut dipadu untuk mewujudkan satu kesatuan budaya nasional. Unsur-unsur kebudayaan

daerah Jawa Tengah dengan sendirinya akan turut memberikan corak "monopluratistik" pada kebudayaan nasional Indonesia yang beranekaragam, namun pada dasarnya tetap satu dan bersifat "Bhineka Tunggal Ika".

Sehubungan dengan itu maka upaya penelitian, penterjemahan, dan pengkajian naskah-naskah kuno perlu dilakukan terutama untuk mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terkandung di dalamnya. Langkah selanjutnya yang tidak kalah penting adalah hasil pengkajian dan analisis tersebut diinformasikan kepada masyarakat luas, guna menjalin saling pengertian di antara suku-suku bangsa di tanah air. Melalui usaha tersebut maka dengan sendirinya dapat mengurangi sifat-sifat etnocentris dan stereotype yang berlebihan, serta menghindarkan kemungkinan terjadinya prasangka sosial yang buruk. Selain itu berguna untuk menghadapi kebudayaan asing, pemahaman tentang kebudayaan-kebudayaan yang dimiliki oleh berbagai suku bangsa di Indonesia dapat digunakan sebagai sarana pemersatu. Dan melalui nilai-nilai luhur yang terkandung di dalamnya diharapkan masyarakat mempunyai pegangan dan pedoman dalam bersikap sesuai dengan kebudayaan bangsanya.

Oleh karena itu, kegiatan yang sangat penting dilakukan adalah mendokumentasikan kebudayaan-kebudayaan daerah. Karena kebudayaan daerah merupakan sumber dari perwujudan kebudayaan nasional. Hal ini sesuai dengan amanat yang dimuat dalam UUD 1945 Pasal 32, yang menyatakan bahwa "Pemerintah memajukan Kebudayaan Nasional Indonesia".

Sedangkan dalam penjelasannya yang dimaksud dengan kebudayaan nasional Indonesia adalah kebudayaan yang timbul sebagai usaha rakyat Indonesia seluruhnya. Satu diantara sumber kebudayaan daerah adalah naskah kuno. Dalam naskah kuno yang terdapat di berbagai daerah mengandung banyak informasi kebudayaan dari daerah yang bersangkutan, yang antara lain berisikan berbagai hal mengenai adat istiadat, pengetahuan, tata-krama, ajaran-ajaran dan sebagainya.

Salah satu diantara naskah kuno tersebut adalah karya sastra yang berjudul "Serat Mitro Musibat". Karya sastra ini dikarang oleh seorang pujangga yang bernama Raden Lurah Jayeng Utara. Naskah ini dapat

digolongkan ke dalam karya sastra yang berbentuk prosa. Serat Mitra Musibat merupakan sebuah karya sastra yang berisi ajaran-ajaran kebaikan banyak memuat nilai-nilai luhur yang berupa ajaran-ajaran dan berbagai petunjuk tentang bagaimana menjadi seorang yang teguh iman dan kuat pendiriannya.

1.2 Pokok Masalah

Naskah kuno pada hakekatnya bukan hanya merupakan satu diantara beberapa pengetahuan dan kemampuan masyarakat Jawa untuk mengungkapkan pengalaman dan pengetahuannya dalam bentuk karya tulis, melainkan naskah kuno itu sendiri termasuk sumber informasi nilai-nilai luhur yang amat potensial bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional.

Sehubungan dengan latar belakang di atas, pengkajian dan penganalisaan Serat Mitro Musibat berusaha mencari jawaban atas pertanyaan: Nilai-nilai luhur apakah yang terkandung dalam Serat Mitro Musibat?

1.3 Tujuan.

Tujuan utama dari kegiatan pengkajian dan penganalisaan naskah kuno Serat Mitro Musibat adalah pentransliterasian naskah, penterjemahan, pendeskripsian nilai-nilai yang terkandung di dalamnya.,

Dengan terungkapnya nilai-nilai yang terkandung dalam naskah ini diharapkan dapat memperluas cakrawala pengetahuan masyarakat dalam menghadapi transformasi budaya asing dan kemajemukan budaya di Indonesia. Selain itu terwujudnya hasil dari kegiatan pengkajian dan penganalisaan ini dapat melengkapi khasanah kepustakaan sastra, terutama sastra Jawa.

Di samping tujuan yang disebutkan di atas, pengkajian dan penganalisaan naskah ini dimaksudkan juga sebagai suatu usaha untuk mengadakan sebuah naskah yang memuat informasi budaya, dengan harapan dapat dijadikan bahan penyusunan kebijaksanaan maupun pengambilan keputusan berkenaan dengan pembinaan dan

pengembangan kebudayaan nasional. Pengkajian dan penganalisaan ini diharapkan pula bermanfaat sebagai sumber informasi yang dapat disebarluaskan kepada masyarakat umum, sehingga memperlancar proses pengukuhan persatuan dan kesatuan bangsa, kendati dengan latar belakang suku bangsa yang sangat majemuk.

1.4 Ruang Lingkup.

Penduduk Jawa sejak dahulu telah menjalin hubungan dengan negara-negara lain. Dengan adanya hubungan atau kontak-kontak budaya tersebut, kemudian ikut membentuk kebudayaan Jawa yang sekarang. Kebudayaan yang dihasilkan sangatlah beragam bentuk dan jenisnya, baik yang bersifat fisik maupun non fisik. Seperti candi, keraton, masjid, patung-patung, lambang-lambang, naskah-naskah, karya sastra, dan sebagainya.

Kegiatan ini akan menangani satu diantara berbagai hasil kebudayaan yang ada pada masyarakat Jawa, khususnya daerah Jawa.Tengah, yaitu masalah karya sastra. Karya sastra yang akan dikaji dan dianalisa adalah karya sastra yang tergolong naskah kuno, yaitu karya sastra yang telah berusia 50 tahun atau lebih.

Dalam karya sastra Jawa ada bermacam-macam bahasa yang digunakan, sesuai dengan tingkat bahasa yang dimiliki yaitu Bahasa Jawa Ngoko, Bahasa Madya, Bahasa Kromo, Kromo Inggil, dan Bahasa Kedhaton. Penggunaan bahasa dalam karya sastra Jawa banyak disesuaikan dengan golongan sosial dari masyarakat pembaca pada zamannya (Sumarsono dkk, 1992/1993).

Pada kegiatan ini akan dikaji sebuah karya sastra dengan judul "Serat Mitro Musibat". Naskah ini mendapat prioritas untuk diteliti karena ada beberapa sebab, antara lain adalah, naskah ini belum pernah diteliti secara tuntas; naskah ini mengandung nilai-nilai sosial budaya yang bersifat luhur, yang cukup potensial untuk pembinaan kebudayaan, disamping penting disebarluaskan sebagai sumber informasi terutama bagi masyarakat umum. Selain itu juga karena nilai-nilai luhur yang ada di dalamnya dapat digunakan sebagai filter dan penangkal masuknya budaya asing ke Indonesia melalui laju globalisasi.

Pengkajian dan penganalisaan yang dilakukan pada Serat Mitro Musibat ini meliputi aspek bentuk dan isinya. Aspek bentuk meliputi deskripsi naskah, ringkasan cerita dan tokoh-tokoh dalam cerita.

Adapun aspek isi dari karya sastra tersebut adalah pengungkapan nilai-nilai luhur yang ada dalam naskah, yang terungkap lewat jalinan cerita yang ada.

1.5 Metodologi.

Dalam mengkaji dan menganalisa naskah "Serat Mitro Musibat" ini ada beberapa langkah yang dilakukan. Pertama adalah transliterasi naskah (mengalihaksarakan), karena naskah tersebut masih menggunakan bahasa dan aksara Jawa. Naskah yang tadinya memakai aksara Jawa dipindahkan atau dialihkan ke memakai aksara atau huruf latin. Dengan cara memindahkan kata per kata secara runtut. Setelah proses alih aksara, selesai dilanjutkan dengan penterjemahan, yaitu memindahkan dari bahasa Jawa ke bahasa Indonesia. Kegiatan ini dilakukan tidak dengan cara kata per kata, tetapi menurut arti dan makna yang dikandungnya.

Langkah seterusnya, setelah alih aksara dan alih bahasa selesai adalah pengkajian dan penganalisaan. Sebagai bahan acuan untuk mengkaji dan menganalisa dilakukan studi kepustakaan. Tujuan dari studi kepustakaan ini adalah pengumpulan berbagai teori dan konsep-konsep sebagai landasan pengkajian dan penganalisaan yang dilakukan.

BAB II

TRANSLITERASI SERAT MITRO MUSIBAT

Bagian 1

Kacarios wonten satunggaling tukang kajeng nama Kasandikrama, gegriyan ing kampung GreJen, kitha Ngayojokarta. Pun Kasandikrama kepical tiyang cekap, mboten kirang sandhang utawi tedha. Dene anakipun ingkang gesang namung kakalih sami jaler, ingkang sepuh nama Sarijan adhinipun nama Katiman. Nanging lare kekalih wau sami mboten remen napak tilas panggaotanipun bapakipun dados tukang kajeng, ingkang dipun remeni panggautan dagang. Ewadene saderengipun diwasa rareka (lare) kekalih sami kalebetaken ing pamulangan, supados kangge lanjaran sagedipun dhateng petang tuwin maos. Nanging dereng ngantos sampurna piwulanging guru lajeng kandgeg dening bapakipun tilar donya, wasana lare kekalih medal sakinig pamulangan. Samanten saweg sami saged maos tuwin petang sawetawis.

Sareng sampun bakda kawandasa dinten tilaripun Kasandikrama, tumunten anak kekalih rukun piyambakan, sadaya ngamal waris tilaripun bapa kapalih, amargi biyungipun ugi sampun tilar donya saderengipun bapa. Dados ingkang warni arta kemawon lare satunggal angsal bageyang 500 rupiyah, punika kejawi barang isining griya tuwin pangangge. Sadaya ugi sampun kapalih leres, dene griya lestantun sami ngenggeni.

Nalika semanten lare kekalih sami dereng nyambut damel, taksih ngeca-eca nganggur kemawon. Nanging sareng arta tilaraning bapa wau sampun kathah kelongipun, anak ingkang sepuh saweg gadhah panggagas makaten: E..... dhuwit tinggalane bapak iki kok wis kalong akeh banget. Sak mangkono wanek ora banjur dakgawe bakul lan ora bisa dawa, ming entek dipangan wae. Wasana Sarijan lajeng pirembagan kaliyan adhinipun. Wicantenipun ingkang sepuh mekaten: Man, dhuwitmu tinggalane bapak biyen saiki isih pira?
Adhinipun mangsuli mokaten: Kurang luwihe sathithik isih ana nek ming 300 rupiyah bae.
Lah, iku panemuku, nek ora tumuli digawe bakulan, mesthi bakal entek dipangan bae, wekasan ora bisa dawa bondha tinggalaning wong tuwa. Mulane nek kowe sabiyantu, luwih becik dilakokake digawe bakulan.
Iya ayo, aku manut bae.
Lah saiki iki sing payu dagang apa ta?, wong sabarang dagangan teka ora pati tarik.
Ia mula mangkono, amarga waktu saiki lumrah saben wonglagi pada ngrekasa golek dhuwit, dadi wong sing duwe dhuwit, nek ming sathithik bae perlu digawe mangan, ora perlu digawe tuku liya-liyane. Ming wong padetan iku nek wis lebar panen, ngadate lagi gelem tetuku, awit ing wektu mau mangsane wong desa akeh sing arep duwe gawe, kayatat bersih desa, mantu, tetakan, tuwin sapanunggalane sing ngenggo ngetokake ragad.
Lah iya, sawise priye, Man, enake. Dagangan apa sing bisa tarik ing wektu iku.
Yen kepareng lan karepmu, kang becik dagang jarit bae. Nanging uga diedol menyang pedesaan, mbakmenawa bisa tarik. dene wong desa akeh sing arep duwe gawe. Mesthine padha mrelokake tuku sembet.
Apa mangkono, man.
Iya kang.
Apa kowe gelem bathon ta?
Iya ayo kang, bathon mira? aku manut bae!
Iya wis, bathon ngrongatus bae, dadi gunggungana pawitan
400 rupiyah. Ananging saiki sing payu bathikan apa ta?
Nek saka pangrungliku jarit bangsane blabagan.
Supaya wong cilik akeh sing kuwat tuku iya dikulakake jarit cap-capan

bae, terkadhang mangkono bisa samurwat kauntungane.
Iya, aku wis manut karepmu. Balik dhuwit 400 rupiyah mau dikulakake sing oleh pirang kodhi.
Iya dikulakake sing ngrega ngrong rupiyah bae, dadi pitunge oleh 200 jarit, dene pitunge kodhi dadi 10 kodhi.
Iya wis, aya padha menyang panggonaning juragan ngecap jarit, milih sing kira-kira bisa payu tumuli.
Iya ayo kang, tak terake.

Lare kekalih lajeng dhateng griyanipun sudagar ngecap siniang, sarta ambekta arta 400 rupiyah. Sasampunipun wonten ingkang kapilih lajeng pun enteni. Tumunten pun Sarijan kaliyan adhinipun ambekta mantuk 10 kodhi, kaemot ing cikar klayan berahan sarupiyah. Dene arta berahan wau ugi lare kalih ingkang ambayari. Nunten pun Sarijan wicantun dhateng adhinipun, tembungipun: Lah iki priye Man? Sarehning dhuwit wis dadi barang, sesuk didol menyang pasar endi?

Sesuk esuk iki pasarane legi, iku pasaran ing Sambilegi. Sanadyan mangsa iki durung lebar panen, iya becik di dhasarake ketimbang.barang nganggur ana ngomah, mbokmenawa payu sathithik rang ithik luwung nyata. Sesuk mangkat jam pira? Nek bisa mangkat jam 4. amarga ing Sambilegi iku saka ing kene rada adoh, bisa ketukana jam 7.
Iya, lah enake anggawa rang kodhi.
Iya nyakodhi edhang bae kang, gampang nek mangko sakira bisa payu.

Rikala samanten lare kekalih sampun golong kajengipun. Sareng enjing kinten-kinten wanci jam 4, Sarijan kaliyan Katiman mangkat saking griyanipun, sami ambekta wade nyakodhi. Sarehne wekasanipun taksih radi dalu, dados sami samekta dedamel label, wekasan lestantun wilujeng dumugi peken Sambilegi jam 7 kirang sakedhik, tumenten lare kekalih andhasaraken daganganipun. Peparengipun lajeng kathah tiyang ingkang remen, amargi sanadyan sinjang cap., nanging sarwa-sarwi kaleresan panggarapipun. Dados ketingal sae-sae, sarta saweg nembe punika wonten sinjang ingkang seratan lawon mekaten. Wekasan tiyang padhusunan kathah ingkang lajeng tumbas, ngantos daganganipun lare kalih sami kantun nyatengah kodhi. Menggah sakedhik-kedhikipun kauntungan singjang satunggal kawan kethip, malah wonten ingkang

saget untung serupiyah. Jalaran sinjang punika sanadyan tunggil ingkang anggarap. nanging mesthi awon sae. mangka pamendhetipun dhateng juragan ngecap pangaosipun sami kemawon, mila manawi kaleresan ingkang sae inggih kathah kauntunganipun.

Kacarios, sareng sampun wancinipun peken bubar, lare kekalih sareng mantuk. dumugi ing griyanipun wilujeng.

Sareng enjingipun malih dhateng peken Wotgalih, ambekta daganganipun sinjang 2 kodhi, wonten ing ngriku ugi saged pepayon kathah, malah nglangkungi ingkang sampun. Wasana antukipun lare kalih kanthi suka bungah ning manah.

Sareng enjingipun malih kaleresan pekenan ing Bantul mbarengi ing dhusun ngriku sampun antawis lebar panen, dados kathah tiyang ingkang sami badhe gadhah damel, mila sareng Sarijan kaliyan Katiman andhasaraken daganganipun wonten ing ngrika, lajeng kathah ingkang sami tumbas. Sanalika wade 2 kodhi telas, dados mantukipun lare kalih wau sampun mboten ambekta.

Menggah salajengipun lare kalih anggenipun lampah merdagang makaten. Pundi pekenan ingkang sampun lebar panen dipun purugi, sanajan sawetawis tebih ingkang dipun lampahi. Enggalipun daganganipun lare kalih sampun telas dados arta sadaya. Ing ngajeng pawitan 400 lajeng dipun kilakaken malih angsal wade 10 kodhi. Enggalipun lajeng kasade ugi saged bathi kados ingkang sampun. Tumunten pun Sarijan emah-emah nanging Caliman kemawon. mboten kanthi ngedalaken ragad kathah, dados mboten pisan ngepik-epik arta pawitan waw, sarta lajeng santun nama Suradikrama, dene pun Katiman dereng raos-raos badhe rabi, amargi taksih karemenan kekesahan merdhagang.

Rikala samanten pun Suradikrama pirembagan kaliyan adhinipun, badhe nglajengaken anggenipun bathon dagang malih, angangkah supados sageda wewah kauntunganipun kados ingkang sampun. Wicantunipun Suradikrama dhateng adhinipun mekaten, Ayo Man dibanjurake bathon nyambut gawe maneh. Nanging karepku, nek kowe sabiyantu betik madeg juragan dhewe bae, ayake bisa wuwuh kauntungane kaya sing uwisuwis. Pun Katiman mangsuli, tembungipun

"Iya aya kang, bathon mira? aku manut bae, sarta karepmu arep ngangkah dadi juragan apa?"
Yen karepku iya juragan ngecap jarit bae, denge bathone nek cukup matangatus dhisik, gampang ing mburi nek isih kurang iya ayo!
Sasampunipun dados pirembaganipun tumunten pun Sura kaliyan adhinipun tumbas cap sinjang warni 4, kaliyan mori tuwin sapirantinipun kangge ngecap sinjang. Enggalipun sadaya sampun samekta. Suradikrama lajeng ngupadas tiyang ingkang sampun saged ngecap, angsal tiyang sekawan. Punika lajeng dipun ken nyambut damel sarta Suradikrama kaliyan adhinipun lajeng tumut sinau ngecap piyambak.

Kacarios anggenipun sampun angsal kathah seratan lajeng kacelupaken. Sasampunipun lajeng kakerok saha dipun bironi wasana kasoga. Paparingipun dadosing babaran saesae sadaya. Nunten Suradikrama wicanten dhateng adhinipun, tembungipun, Man, rehning iki wis ana dagangan sing kena didol, becike kowe dhewe lumakuwa menyang pambuwangmu, aku tak nunggoni pagaweyan ana ngomah bae, lan mbakyumu uga tak kon nyamekteni pangane wong sing padha nyambut gawe, amarga akeh sing padha ngebon. Iku uga ana kauntungane. Sukur nek kowe banjur oleh lengganan bakul sing gelem ngulak barang iki, weruh-weruh suda pembuwangmu. Adhinipun mangsuli makaten, "iya prayoga kang".

Tumunten pun Katiman wanci jam 5 kesah saking griya, kaliyan ambekta daganganipun wade 4 kodhi. Dumuginipun peken Bantul jam setengah pitu, dagangan lajeng kadhasaraken. Paparenganipun kathah tiyang ingkang sami seneng, wekasan lajeng sami tumbas, dados dereng dangu sampun kathah papajengipun. Makaten malih lajeng wonten bakul ingkang ngilak wadenipun Katiman wau, wekasan dereng ngantos lebar peken dagangan sampun telas. Dadosipun Katiman lajeng mantuk, dumugi ing griya kepanggih Suradikrama, tumunten arta wade kaulungaken lajeng kewical, sareng sampun lengkap, arta kapalih, wasana Suradikrama kaliyan adhinipun lajeng saya majeng anggenipun nyambut damel.

Kacarios saya dangu saya ageng panggantanipun Suradikrama kaliyan adhinipun. Kajawi ingkang kasade piyambak, kerep kemawon

dipun kilakaken dening para bakul, ngantos medalaken pinten-pinten kodhi. Wekasan andadosaken kamulyanipun tiyang kekalih wau.

Bagian 2

Kacarios, satunggaling dinten pun Katiman kekesahan dhateng Bandung, sarwi ambekta wade 10 kodhi. Wanten salebet ing kareta latu sumerep mitranipun ingkang sampun dangu mboten pinanggih, naminipun Sastrawirya. Wasana pun Katiman lajeng murugi sarwi mesem. Pun Sastra ugi nimbangi mesem saha lajeng pitaken, tembungipun :

Lho, sampeyan mas.

Katiman mangsuli : inggih

Sampeyan wilujeng?

Saking pangestu sampeyan inggih wilujeng.

Lah punika sampeyan badhe tindak pundi?

Kula badhe dhateng Bandung, mila kaleresan sanget teka katuju sesarengan kaliyan sampeyan punika.

Lah sampeyan badhe kersa menapa tindhak dhateng Bandung? Kula ugi gegramen sade sinjang, amargi ing ngajeng kula dipun criyosi dening sadherekan kula ing Bandung, kedhikkedhikipun satunggal sinjang saged bathi sapara sekawanipun pangilakipun, malah yen kaleres saged tikel. Saumpami kilakan I rupiyah, dados 2 rupiyah.

E..... sak maketana kaleresan sanget lampah kula punika, dene tunggal damel kaliyan sampeyan. Temtunipun wonten ing Bandung kula inggih nunggil sampeyan kemawon, amargi sampeyan ingkang sampun gadhah sadherekan wonten ing ngrika.

Prayogi, kula inggih sakalangkung bingah, dene wonten rencang kula sami tiyang Yogya. Lah sampeyan ambekta gegramen pinten kodhi?

Kula namung ambekta 10 kodhi.

E .... teka kathah temen, katimbang kula namung 6 kodhi. Sampil yen mboten telas, inggiti kabekta mulih.

Lah sakawit kados pundi? Sampeyan teka lajeng karsa gegramen dhateng Bandung punika?

Inggih kadas pangandika sampeyan wau. Kula mireng yen wade seradan Ngayogya punika wanten Bandung aji sanget. Mangka

wontenipun ing Ngayogya. Sareng tiyang padhusunan sami lebu damel punika wade rade kendho, dados tebih-tebih inggih kula lampahi dhateng Bandung. Yen kepara estu saged tarik harak luwung. Tur kula ngiras plesir sumerep jajahan sanes tanah.
Inggih kasinggihan karsa sampeyan ingkang makaten wau.

Kacarios salebetipun tiyang kekalih guneman, lampahing kareta latu sampun angsal pinten-pinten halte. Enggalipun sampun dumugi ing Bandung. Katiman kaliyan Sastra sareng medhak saking kreta, lajeng mundut barangipun dhateng begasi, tumunten tiyang kekalih numpak dhokar piyambak-piyambak saha daganganipun sadaya sampun kamot. Tumunten kusir dipun printah kinen andugeakaken dhateng griyanipun. Padmakarya, ugi tiyang asal Ngayogya, wonten ing ngrika bikak wande saha pasipengan kangge tiyang Jawi.

Kusir lajeng ngangkataken dhokaripun. Dhokar ingkang dipun tumpaki Sastra wonten ing ngajeng, tumunten wingkingipun dhokar ingkang dipun tumpaki Katiman. Mboten dangu dumugi griyanipltn Padmakarya. Dhokar kekalih kendel irig pinggir margi, tumunten Bastra kaliyan Katiman sareng medhak, saha daganganiptin lajeng kabekta dening rencangipun wande ngrika, kaselehaken ing pondhokanipun piyambakpiyambak. Mboten antawis dangu ingkang gadhah griya manggihi, sarwi ambagekaken makaten.
Tiyang kekalih sareng mangsuli, tembungipun: saking pangestu sampeyan inggih wilujeng.
Mas Sastra teka dangu mboten tindak mriki., kagungan pandamelan punapa wonten ing dalem?
Saangsal-angsalipuh inggih namung ngupajiwa. Dene anggen kula dangu mboten mriki punika, awit mboten wonten dagangan ingkang pantes kula bekta. Yen saumpami dagangan namung sakedhik, mangka kula bekta mriki, wekasanipun namung badhe kapitunan kemawon. Dadas lajeng mboten perlu kula bekta mriki.
Lah ingkang sareng-sareng sampeyan punika sadherek pundi? Punika mitra kula saking Ngayogya, dene anggenipun mriki punika ugi gegramen.
Sampeyan asma sinten?
Kula Katiman.
Ingkang kadaleman kampung pundi?

Kula kampung Grejen, kitha Ngayogyakarta.
Tumunten Sastrawirya wicanten tembungipun, Mas Padma, mila kula kaliyan mitra kula dumugi ing ngriki punika perlu badhe sipeng, inggih punapa adadipun sadherek kathah kula kula badhe nyaosi.
Padmakarya mangsuli, tembungipun, "Inggih prayogi".

Tumunten tiyang kekalih sairing mondhokan piyambak-piyambak. Sareng injing sami dhateng peken ampekta daganganipun, saha lajeng kadhasaran. Saweg sakedhap sampun pajengan kathah. Sabibaripun peken, tiyang kekalih lajeng mantuk dhateng griyanipun Padmakarya. Enggalipun sampun pinten-pinten dinten, saben enjing tiyang kekalih andhasaraken dagangan dhateng peken, nanging sareng sampun saya suda pepajenganipun tumunten Sastra gadhah kajeng badhe dhateng peken Cimahi. Pun K:atiman Lugi sabiyantu.

Kadugi jam 3 enjing tiyang kekalih pangkat dhateng setasiun ambekta daganganipun. Kala samanten daganganipun tiyang kekalih kantun nyepalih. Dumuginipun setasiun lajeng lajeng numpak kereta latu. Mboten dangu laieng dumugi Cimahi. Tumunten tiyang kekalih medhak nampeni daganganipun saking begasi, lajeng numpak dhokar kamomotan daganganipun. Kusir dipun ken dumugekaken dhateng los menjawi. Tumunten kusir ngangkataken dhokaripun, mboten dangu dumugi ing los menjawi. Tiyang kekalih lajeng medhak saha ambekta daganganipun piyambak-piyambak. Sareng dumugi ing lusmen, kaparengaken ing panggenan ingkang kathah namung satunggal, dados tiyang kekalih kapeksa tunggal sapatileman.

Kacarios sareng sampun sami nedha ing wanci sonten Sastrawiryo lajeng mapan dhateng patileman sarta ngedalaken pirantining nyeret, amargi sampun kraos sanget ketagihan, dadas sampun mboten isin-isin sumerep mitranipun.
Nanging Katiman sareng sumerep semu kaget, dene samangke mitranipun nyeret. Wasana salebetipun Sastra nyeret, Katiman taken makaten: "Menapa sampun dangu anggen sampeyan dhahar ngaten punika?"
Sastrawiryo mangsuli, "Kados kirang langkungipun sakedhik saweg satahun sapriki."
E, Sak maketana dereng dangu!
Inggih makaten! Ananging yen sampun wancinipun mongko ngantos

kalungsen mboten kambetan, raosing badan teka inggih kirang sakeca. Mila yen mboten kepepet sanget badhe narimah kendel kemawan inggih meksa badhe tumbas yen sakinten taksih saget ngupados arta.
Wangsul yen sampun kambetan punika raosipun dateng sarira kados pundi?
Wo, sampunta, kula mboten saget ngaturaken raosipun. Namung kemawon sakecaning badan tikel matikel kaliyan yen dipun pijeti, sarta lajeng terang dhateng engetan, wekasan lajeng mula aken nalar ing samukawis ingkang saweg karembag. Mila yen sampeyan ngraosaken dayaning madat, punika ambokpunawi lajeng mboten badhe owel gadhah arta kangge tumbas. Lah mangga yen sampeyan badhe ngraosaken, mangke rak lajeng sayah sampeyan ical sadaya, sarta sare lajeng kalangkung sakeca, ngantos dumugi enjang taksih kraos kemawon.
Ah, mboten Mas! Kula ajrih mangke yen manuh!
Ah, mboten ta! Yen namung kadhang kala kemawon rak mboten manuh, yen kangge ngedan lan saben dinten. Sanajan makaten yen saweg setahun kemawon inggih dereng temtu yen sampun manuh. Mangga cobi sakedhik keinawon, sukur yen kathah kula kalangkung suka bingah, mangke rak lajeng kraos sakeca sanget sarira sampeyan. Tur yen wis ngraosake, ambokemawon mengko ora kena uwin.
Anggenipun mangsuli Katiman sarwi gumujeng, tembungipun, "Inggih sampun nuwun", kula trimah ninggali kemawon!" Samanten sareng Katiman kapeksa-peksa sarana tembung pawenging mboten purun saestu, dados Sastrawirya lestantun nyoret piyambak, kendel-kendel sareng sampun badhe tilem.

Sareng wanci jam 5 enjing tiyang kekalih sarengsareng dhateng peken ambekta barang daganganipun. lajeng sareng kadhasaraken piyambak-piyambak. Paparenganing kabegjan daganganipun tiyang kekalih telas sanalika, dados dereng bubar peken lajeng sami wangsul dhateng pondhokanipun malih. Enjangipun lajeng numpak kreta latu mantuk dhateng Ngayogyakarta, kanthi suka bingahing manah, dene kauntungan anggenipun dagangan, dumugi ing griya tiyang kekalih wilujeng. Sastrawirya saya badhe mindhak tadhahipun nyeret. Makaten punika sampun ngadadipun madat. Saben rumaos wonten inggih lajeng mindhak tedhakipun, awis ingkang saget mancet kados adat kemawon.

Bagian 3

Kacarios. Katiman dereng dangu dhatengipun saking Bandung, lajeng carios dhateng kakangipun yen badhe tumbas griya piyambak, awit tunggal kaliyan sadherek sepuh punika rumaos kathah pakewedipun. Dene griya tilaraning bapa ingkang dipun enggeni kakangipun mboten badhe ngewah-ewah, kakangipun ugi ambiyantoni, sarta sanget narimah dhateng karilanipun adhinipun, dene teka gadhati pamanggih ingkan makaten. Katiman sampun angsal griya sapemahanipun, kaliyan tumbas 350 rupiyah, saha sanalika lajeng alihalihan, malah mawi ngundangi pitepanganipun sami dipun jak lek-lekan, wasana Katiman Sampun lestantun gegriya piyambak.

Rikala samanten Sastrawirya gadhah osik, nglajengaken anggenipun memitran kaliyan Katiman, awit enget anggenipun nalika wonten ing purung, rumaos kapetangan kasaenan, dados ing samangke sadayanipun Sastrawirya badhe males. Mila sareng mireng yen mitranipun sampun gegriya piyambak, ing batos rumaos kaleresan, amargi sampun mboten enten ewet pekewuhipun. Sasampunipun makaten Sastrawirya lajeng martamu dhateng griyanipun Katiman. Sarehning griyanipun mboten tebih, lajeng enggal dumugi. Sastrawirya dipun panggihi sami linggihan ing kursi, nunten Katiman wicantun sarwi mesem, tembungipun, "Mas Sastra saking ing ndalem kemawon?"

Wangsulane Sastrawirya, "Inggih saking ing griya kemawon, awit sabakdanipun kekesahan punika teka lajeng mboten pinanggih-pinanggih, raosing manah kula kangen sanget guneman kaliyan sampeyan.

Kula inggih semanten ugi, nangging kados pundi anggen kula saget dhateng dalem sampeyan, tiyang salebet kula dhateng punika lajeng mboten nganggur. Lah punika sampeyan pirsa piyambak taksih pating bekakrah dereng tata. Kejawi anggen kula alihan punika inggih kathah padamelan sanesipun.

Sampeyan ngendika kathah punika pandamelan punapa?

Kula punika sayektosipun rak bathon nyambut damel kaliyan kakang Suradikrama. Mila kula saben dinten dhateng griyanipun kakang, perlu nyumerepi wantenipun damelan tuwin wedaling arta,, ingkang kangge tetumbas utawi ambayar sedaya tiyang ingkang nyambut damel.

E..... inggih sukur ta sukur, kula tumut bingah sanget. Mboten

langkung nggih namung mugi-mugi lestantun anggen sampeyan rukunan kalayan kang raka, sarta ajeg angsal kauntungan ingkang ageng.
Inggih nuwun mas, mugi kabula pangestu sampeyan punika. Tumunten Katiman ngundang rencangipun nama pun Kasan, dipun ken tumbas gendhis teh tuwin tetedhan sawertanipun. Sareng wedang sampun kadamel lajeng kaladosaken, pun Sastra dipun acarani, tembungipun, "monggo Mas! punika kasambi sawontenipun".
Sastrawirya mangsuli, "Inggih mangga".

Tumunten lajeng kekalih sareng ngombe wedang kaliyan nyamikan, kasambi guneman. Katiman miwiti wicantun, "inggih Mas Sastra" punapa cocok pamanggih kula punika kaliyan sampeyan.
Sastrawirya mangsuli, "bab kados pundi?"
Bab kawontenanipun kabingahan tuwin kasenenganing mangsa, punika teka mboten manggen ing tiyang ingkang gadhah arta kemawon. Punika upaminipun kula piyambak. Kados rikala dereng nyambut damel rumiyin, kasusahan kula punika ingkang mesthi inggih punika namung saking kekirangan arta. Wangsul samangke kula sampun nyambut damel, sarta sampun kasinungan gadhah arta radi kathah, teka inggih taksih kemawon kasisahan kula punika. Pangraos malah nglangkungi kala-kala dereng gadhah arta radi kathah. Punapa inggih sampeyan makaten mesthinipun.

Mila inggih sampun makaten, amargi sayektosipun bingah susah punika mboten saking sugih arta tuwin kemlaradan, nanging atas saking purba wisesanipun Gusti Allah, malah-malah pangadilaning Pangeran, langkung gampil tiyang kemlaradan tinimbang tiyang sugih yen pamberating kasusahanipun.
Lho, punapa inggih? Monggo, kados pundi upaminipun, kula badhe mireng.
Makaten, kadasta: para kere punika kasisahanipun ingkang mesthi mung saking bab tedha. Samangsa anggenipun ngemis nyekapi kangge sadinten ngriku, punika saestu lajeng ical kasisahanipun. Wangsul tiyang sugih sisahipun mboten saking kiranganing tedha, nanging saking sanes-sanesipun, dados sampun tetela yen wontenipun bungah susah punika minangka paraboting ngagesang, tandhanipun sampun mboten kenging yen badhe dipun singgahi. Sugih mlarat sami kesinungan bingah. Nanging wonten sakedhik iktiyaripun sampun ngantos kalajeng-

lajeng nandang susah, inggih punika dumunung ing mitra darma. Mila tiyang punika sasaenipun pamitran darma, Sae ingkang gadhah, sebab paedahipun Punika kathah sanget. Kadosta: aktipun yen nuju ribed tuwin kasisahan, punika terkadang saged ical saking pituturing mitranipun. Anggeripun yen badhe manggih pancabaya, kabegal ing darsila sapanunggalanipun, punika terkadang saget wilujeng saking lalabeting mitranipun, makaten sasaminipun.
Lah, tiyang ingkang saget memitran makaten wau kedah nglampahi kados pundi?
Makaten, Ingkang sapisan: kedah wengku winwrigku, tegesipun ngagungaken pangapunten lepating mitranipun. Ingkang kaping kalih: kedah sami relanipun, tegesipun sampun mboten petang samukawis ingkang sampun dhateng mitranipun. Kaping tiga, kedah mboten pegad jagi jinagi, tegesipun sampun mboten ngetung kangelan, janji mitranipun wilujeng kemawon. Tiyang memitran sampun saget netepi tekat tigang prakawis wau, inggih punika nama mitra darma satuhu.

Sareng Katiman mireng picantenipun Sastrawirya, sanalika lajeng seneng gadhah mitra darma, wasana wicantenipun dhateng Sastra makaten Inggih mas Sastra, sampun ketanggelan namung pitepangan kemawon, yen sampeyan sarju, suwawi sami memitran kaliyan kula. Rehning kula sampun sampeyan paringi pirsa wewatonipun, kados-kados kula inggih kadugi nglampahi, sarta kula sampun mboten sumelang ing kadamuan sampeyan ngatasipun dhateng pitepungan.
Punika punapa saestu pangendika sampeyan ingkang makaten wau?
Lho, Inggih saestu, punapa kula dora?
Yen saestu, kula inggih purun saha kalangkung suka bingah sanget, katimbang kula ngupados mitra sanesipun sampeyan, dereng kantenan yen tumunten angsal.
Kula inggih semanten ugi, kados-kados tengeh saget dipun angsal pitepangan ingkang pambekanipun memper sampeyan punika. Awit ingkang sampun kula sumerepi nalika wonten ing puraug, punika kathah iridipun kaliyan wewaturing pamitran pangandika sampeyan wau.
Inggih sukur yen sampeyan sampun pitados ing pamanahan kula, dados mboten semang-semang ing penggalih.

Wasana tiyang kekalih sami andumugekaken ngombe wedang tuwin nedha nyamikan. Sareng sampun dumugi, Sastrawirya pamit mantuk. Mboten utawis dinten Katiman gentos martamu dhateng griyanipun Sastrawirya, lajeng dipun panggihi kanthi senenging manah, sarta ingkang kaginem mboten liya namung sapeketing pamitran. Wakasan raos-raos rikala samanten manahipun tiyang kekalih sampun dados satunggal, basanipun kawi sampun tetep nama saekapraya. Tegesipun: saeka, satunggal, praya = manah tuwin budi.

Kacarios Sastrawirya gadhah adhi estri nama Rara Sukengsih, pancinipun meh ndungkap dewasa, dhasar ingatasing anakipun tiyang alit bepara endah ing warni, pantes yen dados brangtaning manahipun para nem-neman ingkang nembe sumerep.

Ing ngriku salebeting kakangipun gineman kaliyan tamu, Rara Sukengsi tansah wira-wiri wonten salebeting griya angruketi pisegah. Katiman sareng sumerep dhateng pun rara, manahipun kumepyur-kados saniaing putra dumewah ing sela, saha sanalika andadak brangta, kados lajeng nglacita makaten: adhuh! Iki teka ana rara rupane merak ati temen, layak iki adhne Mas Sastra, teka rasa pasrawungane ora adoh. Yen nyata adhine wis ora sumelang aku, mesthine -aweh nek tak pek bojo, janji durung ana sing andhedheki bae. Balik nek uwis, kapriye raka dayane, supaya rara iku kelakon dari bojoku. Mangko nek aku ora sida aleh si rara iku, luwung matiya bae.

Wasana Katiman salebeting ngunandika wau tansah mboten sambet anggenipun guneman kaliyan Sastra, amargi ing batos sanes ingkang dipun raosaken. Dene Sastrawirya sanalika Ligi lajeng sumerep dhateng kajengipun Katiman, yen pancen gadhah greget seneng dhateng adhinipun, nanging 'kakinten tansah rikuh badhe nembung, dados malah lajeng kasamun ing semu. Sastrawirya api-api mboten mangertosi, ngacarakaken nyamikan tuwin wedang, supados kadumugekaken anggenipun nyambi. Nenging Katiman mangsuli yen sampun dumugi. Wasana mboten dangu lajeng pamit mantuk, saha wedalupun saking griya Sastrawirya ngurmati nguntapaken dumugi palataran. Sarwi tansah ngethuki punapa ginemanipun Katiman, dados lampahipun tiyang kekalih mandheg mangu. Dene pamrihipun Katiman ingkang makaten wau mbastani liya, namung angajab adhinipun Sastra

ngetingala malih, amargi tansah gumentang ing kukuling tuwin kawawang telenging paningal. Sareng sampun dumugi ing radinan tivang kekalih sami pepisahan, nanging antukipun Katiman wonten ing margi tansah mandeg tumoleh, awit ing manah kalajeng anggenipun bronta wuyung dhateng Rara Sukengsih, malah sareng dumugi ing griyanipun lajeng gumuling ing patileman, saya kalantur-lantur panggagasanipun, nanging badhe prasaja pitaken dhateng Sastra rumaos taksih isin rikuh, sumelanging manah ambokmenawa mboten kacondhongan. Satemah Katiman mila kendel kemawon, namung raosing manah tansah wayang wuyungan kawilet genging brangtangari, wekasan ngantos sawatawis dinteri mboten panggih pinanggih kaliyan Sastra.

Kacarios Sastrawirya, sarehning sampun sawantawis dinten mboten kapanggih kaliyan mitranipun, ing manah rumaos kengetan sanget, dados lajeng dhateng griyanipun mitranipun. Katiman sareng sumerep mitranipun dhateng enggal-enggal dipun acarani, supados malebet ing griya, saha tiyang kekalih lajeng sami linggih ing kursi. Tumunten Sastrawirya pitaken sarwi semu gumujeng, tembungipun: Mas, teka sampeyan lajeng mboten tinio malih, gadhah perlu punapa wonten ing griya? Anggenipun mangsuli Katiman ugi semu gumujengi inggih, tiyang saantuk kula saking griya sampeyan punika teka lajeng kraos mboten sakeca, saengga sapriki dereng mantun, malah dhateng griyanipun kakang Suradikrama kemawon mboten, tur sapunika pancen saweg mrepekipun pandamelan.

Lah menggah mlanieripun ingkang karaosaken kados mboten wonten. Namung raosing badan punika teka kados dipun lolosi. Sarta manah rumaos anglangut, wekasan kados mboten gadhah kajengan punapa-punapa. Kajawi punika sampun pinten-pinten dinten anggen kula mboten pikantuk tilem, sarta nedha mboten eca, ewadene teka rumaos mboten arif tuwin larwe.

Sastrawirya nunten wicanten sawi gumujeng: milanipun sampeyan ngantos anglayung makaten. Lah saupami sampeyan wingi-wingi kepanggiha kula ambokmenawis mboten kalajeng-lajeng gerah sampeyan, amargi sampun dados sesanggemaning mitra darma, kedah anjagi kasarasan tuwin ambingahaken mitranipun ingkang nuju

kasusahan. Punapa sampeyan kesupen kewajibaning memitran ingkang sampun kula cariosaken rumiyin punika?

Kados mboten kesupen.

Kengeng menapa teka sampeyan lajeng mboten kersa prasaja dhateng kula? Saumpami prasaja amboten kalajeng-lajeng makaten, tur kula mboten wonde sumurup ingkang andadosaken gerah sampeyan punika.

Katiman wangsulanipun semu mesem, tembungipun: Menapa temen sampeyan sumerep sesakit kula punika? Lah mboten sumerep kenging punapa? ta? kula pethekipun, nanging sampeyan ampun mukir. Inggih sampeyan pethik kados pundi. Sastrawirya tumunten mbisiki makaten: lah sampeyan rak remen adhi kula ta?
Katiman mesem, sarwi mangsuli: Inggih makaten, lah sasampunipun kados pundi? punapa sampeyan kedugi ngusadani? Bab punika sampeyan sampun sumelang!, sapunika punapa mangke sampeyan lajenga dhateng griya kula, kantun milih dinten tuwin wulan ingkang prayogi. Dene bab Rara sampun wonten kuwasa kula, yen kula ingkang nantun tempu purun anglampahi.

Sareng Katiman kasagahanipun Sastra salangkung suka pirenaning manah, sanalika katingal bingar netranipun, saha lajeng ngundang rencangipun dipun ken angladosaken wedang tuwin nyamikan. Salebetipun ngombe wedang kasambi guneman bab pandamel tuwin majenging dagangan. Sareng sampun dumugi, Sastrawirya pamitan mantuk. tumunten Katiman sarijang yen sakedhap engkas badhe dhateng griyanipun. Sastrawirya mangsuli, yen sanget ngajeng-aieng. Sareng Sastrawirya sampun dumugi ing griyanipun, lajeng ngetag dhateng adhinipun, dipun ken ngrukti segahan mring tamu. Boten antawis dangu lajeng Katiman dhateng. Tumunten Sastrawirya methukaken sarwi ngacarani, supados Katiman lajeng linggih ing kursi, sareng-sareng kaliyan piyambakipun. Sareng tiyang kekalih sampun linggih, tumunten Sastrawirya wicanten, tembungipuni Mas, mangke adhi kula Sukengsi kula kenipun ngladosi, supados sampeyan tamat warnanipun, sabab wingi-wingi anggen sampeyan sumerep dhateng adhi kula wau rak namung saking katebihan, sarta namung saklebatan-saklebatan kemawon, dados saestunipun taksih kirang pramanen. Mila

ing mangkih katamatna ingkang sayektos. sampun ngantos ing tembe wingking wonten tembung kainan, sarta adhi kula wau kapegat ingkang jalaran saking awonipun warni. Dene mangke yen sampeyan sampun cocog saestu, kula inggih suka bingah nyumanggakaken. Katiman mangsuli: inggih kula sampun manut kemawon punapa karsa sampeyan.

Sasampunipun tumunten Sastrawirya ngundang Rara Sukengsi dipun ken ngladosaken wedang tuwin nyamikan. Pun Rara ugi manut sapitedahe kakangipun, sampun mboten wedi rikah-rikuh dhateng Katiman, amargi mboten gadhah pangiriten pisan-pisan yen piyambakipun dipun tonton, amung karembag yen Katiman wau sampun dados mitranipun kakangipun, sarta sampun asring-asring dhateng ngriki, mila sadayanipun angladosi, Katiman ngantos pramanen sanget dhateng warni tuwin solahipun Rara Sukengsi. Samanten sareng pun Rara sampun malebet ing griya, tumunten kakangipun pitakon dhateng Katiman. Tembungipun: kados pundi Mas? Cocog punapa mboten?
Wangsulanipun Katiman: inggih kula sampun seneng saestu. Inggih sokur bage sewu yen sampun panut ing galih, mangke kantun ngupadosi wewaton sampeyan, jodho punapa mboten kaliyan adhi kula.

Sastrawirya lajeng malebet ing griya mendhet serat petungan, mboten dangu medal sampun linggih kursi malih, nunten pitaken dhateng Katiman, tembungipun: Mas, manah kula teka kalangkip, Wau dereng ngantos nyuwun pirsa wekdal sampeyan rumiyin. Lah kaleres ing dinten pekenan punapa ta wedalan sampeyan punika?
Wangsulanipun Katiman: kula setu pahing.
Setu punika neptu 9, pahing 9, dados 18. Mangka adhi kula nika wedalanipun: setu pon, satu 9, pon 7, dados 16. Yen makaten inggih sae dhawah ing pasatowan, amargi gunggung kumpul dados 34, munggah panca sudanipun dhawah, sanggar waringin, watekipun kenging dipun aubi dening sanak sadherek. Anguh, tujunipun sae dhamping pasatowan. Lah saumpami awon kados pundi?, sebab kalajeng mboten sakeca, kasandekaken ingiih samanten ugi, amargi yen kula tingali adrenging karsa sampeyan, kados-kadas mangsa kuwawi yen nglampahi ngantos.sande, wekasan mboten langkung inggih namung suka sukur sampeyan begianipun ingkang nglampahi, baya sampun pinesthi yen badhe dados jodho.

Sasampunipun tumunten Sastrawirya ngupadosi dinten wulan ingkang prayogi kangge ningkahaken saha kepanggihipun. Mboten dangu kepanggih, lajeng wicanten dhateng Katiman makaten Mas, punika sampun kula padosi dinten ingkang badhe kangge ningkahan. Kepanggihipun ingkang sae wonten ing wulan Besar tanggal kaping 27 dinten Rebo Pon. Katiman mangsuli: Inggih kula sampun dherek kemawon# malah sedheng angsal wewah-wewah ragad.
Tumunten tiyang kekalih ngombe wedang tuwin nedha nyamikan. Sareng sampun dumugi, Katiman pamit mantuk.
Sastrawirya kurmat nguntabaken saking sakawining griya. Inggih awit punika Katiman anggenipun lajeng kerep dhateng griyanipun Sastra, sasat ngantos nuli manuh kaliyan Rara Sukengsi, nanging lare estu dereng pisan-pisan sumerep yen badhe dados simahiplin Katiman, saking dene sampun pitados yen Katiman wau dados mitraning sadherekipun, dados sampun tanpa mawi taha-taha yen nuju dipun ken ngladosi tuwin dipun jak cantenan dhateng Katiman.

Kacarios enggalipun sampun dumugi ubang geningdinten ingkang katemokaken kangge ningkahan. Samanten griyariipun Sastra kaliyan griyanipun Katiman sampun tata-tata punapa pirantasing karukti sae. Rehing panganten jaler estri sampun sami mboten gadhah tiyang sepuh, dadas ingkang mangkoni damel kakangipun piyambak-piyambak. Rikala ijabipun, Katiman mawi nyedhaki para pitepanganipun, sami dipun ken ngiringaken dhateng masjid, lajeng sontenipun manten kapanggihan, mawi kaurmatan gonggo ladrang panganten, sarta kaarak numpak kareta mubeng kitha. Sareng sampun kemput, penganten wangsul dateng griyanipun ingkang estri, dhatengipun ugi mawi kaurmatan ladrang gongso kebogira, tumunten penganten jaler estu medhak saking kareta kakanthen asta malebet ing griya. Para tamu anggrebeg ing wingking lajeng sami kendel jagongan wonten ing pandhapi, saha lajeng sami sinugata wedang tuwin dhaharan warniwarni.

Sareng jam 10 wiwit tayub, Midhekipun saking Sala nama pun Mirah, ingkang anjoged rumiyin panganten jaler, tununtun ingkang gadhah griya, lajeng pun tamu gentos-gentos urut sepuh, ngantos dumugi injing saweg bibaran.

Ing inalemipun Jumawah kendel mboten mawi tetingalan, sareng malemipun setu wayangan, ingkang kaundang namung ahlinipun panganten jaler estu, sarta mawi kasadhiyanan lilingsen mainkertu alit, ugi ngantos enjang saweg bibar.

Sareng sampun sapekenipun panganten estri kaboyong mantuk dhateng griyanipun ingkang jaler, sarta numpakkareta kados rikala kepanggihipun. Kathah patepanganipun penganten jaler ingkang ngiring, ugi sami numpak kareta, dumugining griyanipun penganten jaler mawi kalukmatan gangsa ladrang kebogira, tumunten jam setengah sanga wayangan wawucal, dene ingkang dipun sadhahi lenggahan kajawi ahlinipun panganten jaler estri, sadaya patepanganipun Suradikrama kaliyan Sastrawirya, mila kalangkung kathah tamunipun. Manggah ingkang kangge lilingsem ugi main kartu alit.

Tumunten dalunipun malih slawatan. inggih punika angleluri adatipun tiyang Jawi, yen wonten ingkang gadhah damel mawi karameyan, punika sabakdanipun lajeng slawatan, nunggak ing kajeng perlu kangge nyuwun pangapunten ing Gusti Allah, sampun ngantos manggih deduka anggenipun damel karameyan pinten-pinten wau. Mila tiyang gadhah damel ingkang kados makaten kedah kathah wragadipun. Kados dene kepanggihipun Katiman, punika ugi mboten cekap wragad sakedhik, apes-apesipun sanget saget nelasaken arta 400 rupiyah, malah-malah kepara langkung saking semanten.

Kacarios Katiman sareng sampun rabi lajeng santun nami Kartadikrama sarta lestantun raket arukun anggenipun sesemahan, mboten wonten ingkang andadosaken bencenging kajeng, wewah jaler estri sami majeng anggenipun nyambut damel, makaten malih taksih lestantun bathan kaliyan kakangipun, mboten ewah kados ingkang sampun kalampahan.

Bagian 4

Anuju satunggaling dinten Kartadikrama dhateng griyanipun Sastra, lajeng dipun panggihi wonten ing pandhapi, nanging sarehing Karta wau sampun dados sadherek ipe dados sampun mboten bikuki Sastrawirya anggenipun manggihi kasambi kaliyan nyeret, sarta ing

samangke Sastrawirya sampun mboten krama, namung Kartadikrama tansah lestantun mboten ewah kados ingkang sampun-sampun.

Tumunten Sastrawirya pitaken dhateng Karta, makaten tembungipun.- "Mas, kowe apa saka ngomah wae?" Kartadikrama mangsuli: inggih kang, saking griya mawon. Apa nuju ora ana pagaweyan? teka kowe esuk-esuk mrene? Inggih kathah padamelan, nanging kok saweg aras-arasen. Lah, kakang kok inggih sampun dangu kados mboten medalmedali teng peken?
Iya mas, mula wis suwe aku ora nyambut gawe.

Lah, kepriye ta mas, wong kaya aku iki. Sapuluh nyambuta gawe kae kok pijer kentekan pawitan bae. Mongko arep golek kempitan tuwin ngeber dagangan aku isin, nek nganti ora diendel. Dadi wekasane banjur narima nganggur bae.
Lah kakang napa karsa ta?, saumpami kula tulungi? nanging yen kakang Suradikrama sabiyantu.
Kowe arep nulungi kepriye mas?
Makaten: Sampeyan kula dadosaken pembatu kula, inggih tum.ut nyadekaken dagangan kakang Sura, amargi kula piyambak inggih empun dangu mboten medali dhateng peken. Tujune dagangane empun salong dikilaki dening bakul, dados mboten kathah tumandhane, mila yen kakang kersa, ketimbang kalampahake sanes tiyang, kula kirang pitados.
Iya ta, mas, aku ya keduga, sarta trima banget nek kowe arep nalungi pagawean, nanging oleh-olehe aku kepriye lakone?
Inggih makaten mawon kang, sampeyan ngupadosa aun Lingan piyambak. Amargi satunggal-satunggaling wade niku empun onten pangose piyambak-piyambak, langkunge saking redi niku kakang ing anggadhahi.
Iya ta nek mangkono, aku gelem.
Lah, besuk kapan olehmu arep nulungi?
Inggih mangke kula crios riyin ten kakang Sura, nek empun sabiyantu kala lajeng suka katerangan.
Iya ta, mas, tak arep-arep banget, ge nuli. kelakon.

Kartadikrama lajeng pamit, nanging lajengan kemawon dhateng griyaing kakangipun. Mboten dangu sampun dumugi, saha lajeng

kepanggih kakangipun. Sumanten Suradikrama saweg nuju nebggani tiyang ingkang sami nyambut damel, tumunten kakangipun pitaken, tembungipun: Kowe mau saka ngendi, ta?
Kartadikrama mangsuli kanthi tembung krama: saking griyane kakang Sastra.
Kowe mrana perlu apa?
Inggih namung tuwi mawon, rehning empun dangu mboten pinanggih.
Lah, kowe kok suwe ora katon apa lelungan?
Mboten, inggih onten griya mawon, awit empun pinten-pinten dinten kula lagi mboten sakeca, nanging pandamelan rak inggih taksih ajeg ta?
Ya isih ajeg kaya sing uwis-uwis.
Lah, bakul tiyang Bantu nika pripun kang? empun dhateng malih napa dereng?
Wis teka maneh, nanging mung nggawa sakodhi.

Mila nek kakang sabiyantu. kang Sastra niku lajeng kula diengge bantu tumut nyadekaken dagangan niki, awit samangke piyambake mboten nyambut damel, jalaran ketelasan pawitan alias nganggur, nek saget, majengake yen ana ngapese tuna kang jalaran saka laku ora bener kowe kang ketempuh.
Inggih, kang, kula mboten selak ketempuh, nek onten icaling dagangan.
Yen mangkono ya wis mangsa bodhowa kowe, sapira alehmu arep menehi.
Inggih kalih kodhi mawan riyen, gampil mangke nek empun ketingal katemenane.

Nunten Kartadikrama wangsul dhateng griyanipun Sastra, slika pirsa yen kakangipun sampun sabiyantu. Sastrawiryo sareng mireng kalangkung bingah manahipunp tumunten tiyang kekalih sareng-sareng dhateng griyanipun Sura, lajeng Sastrawirya dipun sukani dagangan wade 2 kodhi. Sasampunipun lajeng mantuk, Karta tansah kentun wonten griyaniplin Sura.

Kacarios Sastrawirya, enjing jam 7 dhateng peken nagari, andhasaraken daganganipun, paparengipun lajeng kathah tiyang ingkang tumbas, dumugi sonten pepajengan sinjang 8, lajeng sanes dinten dagangan kasade dhateng peken padhusunan. Enggalipun wade 2 kodhi sampun dados arta sadaya. Sastrawirya lajeng pasokan arta

dhateng Suradikramao Kartadikrama ugi tumut nyumerepi, arta lengkap mboten kirang sapripil kemawoh. Dene Sastrawirya ugi sampun angsal kauntungan piyambak, mila sanalika tadhahipun nyeret lajeng mindhak, amargi salebetipun nyambut damel awakipun keraos sayah sanget. Nunten mboten antawis dinten Sastrawirya kaliyan Karta dipun kengken kaliyan Suradikrama, madagang dhateng saenteronipun tanah Kedhu, awit kacarios yen ing ngriku pajeng wade. Enggalipun tiyang kekalih sampun sareng mangkat saking griyanipun, kaliyan ambekta dagangan 4 kodhi tiyang kekalih. Dumugi statsiun lajeng numpak kareta latup enggalipun dumugi Magelang taksih rame-ramening peken. Tumunten tiyang kekalih sami andhasaraken daganganipun piyambak-piyambak, saweg dumugi lingsir kilen sampun pepajengan sakodhi tiyang kekalih..

Sareng sampun lebar peken tiyang kekalih ngupados pasipengan, amargi injingipun badhe dhasar wonten peken malih, samanten lajeng sampun angsal panginapan ingkang wonten paraboting nyeret, mila pondhokan ingkang makaten wau ingkang dipun padosi deneng Sastrawirya, menggah sukaning manah sampun tanpa upami, rumaos yen angsal gesang wonten ing ngriku. Wasana anggenipun nyeret sampun mboten mawi taha-taha, katuju kendel, sareng nedha. Nanging sasampunipun dugi lajeng tetep nyeret malih. Dene salebetipun sastra nyeret, Kartadikrama tansah anenggani, sarta ing batos ragi gadhah kepingin, nanging taksih rikuh badhe tumut-tumut nyeret, dados namung lajeng suba pasemon kemawon, makaten tembungipun: Enggih kang, kula kok radi kraos sayah, tur mboten sapintena lampahe niki wau, tiyang lajeng lungguh ing peken mawon, nanging raosing suku kula kok ngethok temen, napa onten dhukun pijet kang celakcelakan ing ngriki niki, kang.

Sastrawirya mangsuli: embuh ya, wong aku iki iya durung kulina ana ing kene, weruh kene ya lagi sapisan iki. Nanging nek mung kesel, ara ana dhukun pijet, ambok yaiki rak kena digawe tamba. Nek ora mari, aku, sengenano.

Yah, mangkene manuh.

Ora ta wis, nek kala-kala bae ora dadi apa, iki lho wis tak isekake. Cobanen dhisik ta, sukur majaii sabenggol, orane ya sasen-sasen bae, mengko rak banjur kapenak awakmu, ambekmenawa tutug sesuk isih krasa ta ayo.

Samanten Kartadikrama sareng kapeksa dening Sastrawirya wekasan lajeng purun, tumunten nyeret telas 10 isen. Sanalika awakipun lajeng kraos sakeca, sarta sukunipun mantun ngethok, wasana anggenipun tilem sadalu tanpa ngalisik, sami andhasaraken daganganipun. Dumugi lebar peken tiyang kekalih pepajengan I kodhi malih, lajeng sami mantuk dhateng pondhokanipun kala wau. Tumunten Sastra tata-tata badhe nyeret, sarwi wicantlin dhateng Karta, tembungipun: Lah ta kepriye sarene awakmu? bareng wis tok sereti'? rak ya kepenak ta? Tandane sawengi banjur ara ngalisik, prandene ora arep kipa-kipa, arepkipa-kipa, kaya prawan ditari laki.

Kartadikrama mboten mangsuli, namung gumujeng kemawon, tumuten Sastrawirya wicantun malih, tembungipun: Lah saiki kepriye ta? nek krasa sayah ya disereti bae,. karo ming wragad sapira, nek ditimbang pakolehe rak ora memper, wong pangrasa bisa nguripake urat-urat lan badan sakojur, iki lho wis dak isekake. Kartadikrama mangsuli sawi mesem: inggih ta ngriku riyen, kang.

Tumunten Sastra iya wiwit nyeret. Sareng sampun sawetawis kraos, lajeng Karta dipun atag gek gentos nyeret, sarta sampun dipun isekaken pisan, kadugi telas 20 isen, Kartadikrama sampun radi kraos wuru, dados lajeng tilem tanpa ngalisik. Wakasan kantun Sastra, ingkang tansah andumugekaken nyeret piyambak. Sareng enjing tiyang kekalih dhateng peke nandhasaraken daganganipun, dumugi lebar peken namung pepajengan setengah kodhi. Tiyang kekalih lajeng wangsul dhateng pondhokanipun malih, tumunten Sastrawirya nyeret kados adat yen men tas mantuk saking peken. Samanten Kartadikrama sampun mboten mawi katantun lajeng tumut kemawon, malah mangke sangsaya mindhak kathahipun, sampun kuwawi nelasaken madat pangaos 2 kethip.

Enjingipun tiyang kekalih numpak kareta laut slimedya dhateng Temanggung, amarga wonten Magelang sampun mboten patos pajeng. Dumugining Temanggung taksih rame-ramening peken, tiyang kekalih lajeng andhasaraken daganganipun. Salebaring peken daganganipun pajeng: lajeng ngupados pondokan ingkang wonten paraboting madad. Mboten dangu sampun angsal, tiyang kekalih lajeng sami nedha, sasampunipun lajeng tatrap Padha nyeret, kapinujon ing ngriku wonten

bedudanipun kalih, dados tiyang kekalih anggenipun nyeret sareng kemawon. Nalika samaten Kartadikrama mindak malih kathahipun, samangke sampun kuwawi nelasaken madhat 3 kethip, samanten ugi Sastrawirya, saben sonten nggih sami mindhak kathahipun. Ingkang wau namung setengah rupiyah samangke sampun sarupiyah sasonten. Mongko saumpami anggenipun dagang mboten angsal kauntungan.. sampun mboten saget nyuda saking samanten, dados bebasanipun saget mindhak mboten saged mendhak. Sampun makaten ngadatipuri tiyang ingkang sampun kalajeng nedha madat. Mila ingkang kathah wekasan lajeng dados kemlaratanipun.

Sareng inang tiyang kekalih dhateng peken andhasaraken daganganipun, nanging ngantos lebar peken mboten pepajengan, tumunten tiyang kekalih wangsul pondhokanipun malih. Sareng sampun bakda nedha sami ngaso kaliyan nyambi nyeret. Sanadyan daganganipun mboten pajeng, ewadene tadhahipun madat sami mindak, Kartadikrama sampun kuwawi nelasaken madat pengaos setengah rupiyah. Sastrawirya mindhak dadas gangsal welas uang sasonten.

Sareng enjang tiyang kekalih numpak kareta latu wangsul dhateng Ngayogya, paparingipun, wanten salebeting kareta latu wade kantun setengah kodhi kakilak dening bakul, dados wangsulipun tiyang kekalih wau sampun mboten ambekta, sebab daganganipun sampun dados arta sadaya, mila medhakipun saking kareta latu wonten ing setatsiun Tugu sami ngode kemawon. Tiyang kekalih lajeng numpak andhong, anjujug dhateng griyanipun Suradikrama, awit perlu badhe pasok arta rumiyin.

Rikala samanten sampun kapanggih kaliyan Suradikrama, tumunten tiyang kekalih masokaken arta, langkep mboten kirang sasen kemawon saking pengaosing dagangan. Arta sampun lajeng katampi kaliyan Suradikrama. Nunten tiyang kekalih mantuk dhateng griyanipun piyambak-piyambak, sarta sanalika wau Kartadikrama lajeng damel paraboting madat piyambak, lajeng saya ageng panyeretipun, sampun mboten taha-taha tuwin rikuh sumerep semahipun. Makaten malih Sastrawirya ugi lajeng mindhak ageng tadhahipun, malah sareng sampun sami langkung saking saringgit sadinten, tiyang kekalih lajeng sami nyeret candu, wekasan lajeng kerep mboten kesah madagang, amargi sampun watawis wektunipun tiyang ingkarig ngagungaken nyeret, punika ingkang kathah lajeng kanggenan ambeg keset tur

sungkanan, lumuh dhateng pandamelan ingkang awrat yen mboten rumaos kabetahan sanget.

Bagian 5

Kacarios sareng Kartadikrama sampun ageng anggenipun nyeret, lajeng kaslipen dhateng mardagang, dening saben dinten amung tansah nyeretan kaliyan Sastra. Yen saumpami lowong sadinten kemawon mboten kapanggih Sastrawirya, rumaosipun kangen sanget. Wasana Sastrawirya lajeng dipun ken ngundang dhateng griyanipun, terkadang Sastrawirva piyambak ingkang andhatengi, sarta temtu mbekta madat langkung saking tadhahipun. Dene yen sampun seretan, Sastrawirya lajeng medharaken punapa pangawikanipunv awit pancen tiyang sedheng seserapanipun dhateng bangsaning reremitan, tur luwes anganthik basa manis ingkang ngelutaken manah, wekasan saking seneng mirengaken gunemanipun Sastra, Kartadikrama kerep kesiangan anggenipun tangi, enjing-enjingipun jam 11 terkadhang anggenipun mapan tilem meh bangun enjing ngantos jam 2 siang saweg tangi. Lan malih tiyang kekalih lajeng sami keset, awis-awis kambet toya, kerep-kerepipun sawulan adus sapisan. Sanadyan namung raup kemawon sungkan yen dereng nyeret tuwin ngombe wedang rumiyin, wekasan madat ingkang makaten wau andadosaken kering segering badan, sarta lajeng ketingal kulitipun reget ambisisik, kados dene tiyang ingkang tansah kakelud ing sesakit.

Saweg samanten Kartadikrama dhateng griyanipun Sastra, lajeng sami gineman anggenipun mardagang kasambi kalujan seretan, wicantenipun Karta makaten: Pripun kang Sastra? teka empun dangu pijer ngeca-eca mawon,mongka niki kula empun thethel-thethel pangangge tuwin barang sing sakinten enggal kasade lajerig kula ken nyade, sing mboten lajeng kula ken nggantosaken kemawon, mung waton lajeng angsal arta kangge tumbas madat, ketimbang kalajeng sakit luwung mboten, ambokmenawi mangke-mangke saget ngupados arta kangge nebus.

Wangsulanipun Sastrawirya: Iya bener. Lah olehmu bathon karo kakangmu iku priye? rak isih ajeg kauntungane ta? Inggih taksih,

ananging arta bathon kula empun kathah kelonge, kula thetheli kangge betah padintenan, dados katimbang kalih pawitane kakang empun kathah kaote, mila kauntungan kula inggih saya nyuda, mboten nyekapi kangge padintenan. Lah, sawise piye karepmu?
Rehning niki selak mboten onten sing kangge jejagi butuh, nek angsal inggih badhe pados sambetan mawon riyin, teng pundi kang ecane?
Iya, ananging ala si utang nyang wong liya, ambok ya nganggo dhuwite dhewe sing ana kakangmu iku wae, gampang ing mburi sasarupane, janji karuwan etunge, apa ana pakewuhe ta?
Inggih mboten, ananging manah kula kok rikuh, saking empun kerepe oleh kula anjaluk.
Yen wis mangkono, ya mung mangsa bodhoa karepmu!, balik alehmu arep golek utangan sapira, lan supaya ngandel sing duwe dhuwit apa sing kok tanggungake?
Tetanggelane inggih bale griya kula, dene yen angsal anggen kula ajeng nyambut 200 rupiyah, nek mboten, satus-satus mawon nggih ajeng.
Lah kowe arep utang samono mau, sebrakan apa untenan tuwin cicilan?, Ian menyang sapa olehmu arep utang? Lan maneh apa ora kesithiken? yen ketimbang kara ananing tetanggungan bale omahmu?
Yen sampeyan rembag ngaten inggih kasekedhiken, wong lajeng kula mung entheng anggen kula nyaur Ian arta inggih mung cekap kangge butuh sawatawis dinten, dene nek angsal inggih sebrakan mawon.
Lah, kakang nek mireng, ngriki sinten kang asring nglampahaken arta?
Lah kowe kae ya ana wong sing potang, jenenge Karyasetika, malah aku ya wis weruh sarta wis tau utang.
Iya ta kang, mangke sonten mawon kula sampeyan tedakake sarta katembungake pisan, nggih pripun prajanjih ngadating arta sebrakan, kula manut mawon.
Ya becike, mengko mangkat saka kene bae!
Tumunten tiyang kekalih sawi nglajengaken anggenipun seretan, kasambi nedha nyamikan tuwin ngombe wedang. Sairing sampun jam 5 mangkat, mboten dangu dumugi ing griyanipuri Karyasetika. Tiyang kekalih lajeng dipun acarani linggih ing amben, tumunten Karyasetika wicanten dhateng Sastrawirya, tembungipun: lho, sampeyan mas Sastra, tindak saking pundi/Sastrawirya mangsuli: saking griya mawon.
Lah, piyantun ingkang sareng-sareng punika kaleres punapa kaliyan sampeyan?

Punika kaleres ipe kula.
Tumunten Karyasetika wicanten dhateng Kartadikrama. tembungipun:
E .... inggih sami nepangaken mawon Mas.
Wangsulanipun Kartadikrama, inggih.
Lah nama sampeyan sinten? Ian ing pundi ingkang kadaleman? tuwin lumampah damel punapa?
Yen sampeyan teken nami kula: Kartadikrama, griya kula kampung Grejen, dene pandamel kula namung dados kanthinipun kakang Suradikrama, sudagar ngecap sinjang ugi ing kampung Grejen.
E ... inggih, wangsul Mas Sastra tindak mriki badhe kagungan karsa punapa?
Mila kula kapanggih sampeyan, enggalipun kula dipun tedhari tulung dening sadherek kula ipe punika, yen kepareng panggalih sampeyan, sadherek ipe punika badhe nyuwun nyebrak arta, benjang wulan April ngajeng punika mangsulaken, sarta sapinten indhakanipun sagah anyaosi.
Sareng Karyasetika mireng wicantunipun Sastrawirya lajeng mendhak-mendhak sarwi wicantun, tembungipun: E punapa makaten?
Inggih.
Lah anggenipun badhe ngagem arta pinten?
Yen kepareng panyuwunipun 200 rupiyah, mbotening nggih satus-satus kemawon.
E... 200 inggih prayogi, nanging keng rayi punika rak nggih sampun pirsa padatanipun tiyang nyambut arta yen kedah mawi tanggelan raja darbe tuwin padaleman, saha kaseksen dening polisi ingkang ambawahaken tumrap ing seret prajanjen sambutan wau.
Iriggih sampun sumerep, mila sampeyan lajeng kula aturi mirsa griyanipun adhi kula punika, supados sampun ngantos kainan ing wingking.
Inggih prayogi, benjing-enjing mawon kula tedahna dalemipun ingkang rayi punika.
Inggih kula ajeng-ajeng sanget.
Sasampunipun sinegah wedang, tiyang kekalih pamitan mantuk.

Enjangipun wanci jam 9 Karyasetika ngampiri Sastrawirya, lajeng katedahaken dhateng griyanipun Kartadikrama. Sareng Karyasetika sumerep griyanipun tuwin raja darbenipun Kartadikrama, lajeng ing

manah pitados, wasana wicantunipun dhateng Sattrawirya makaten, tembungipun: sampun ta Mas Sastra, ingkang rayi lajeng kula aturi damel serat prajanji, sarta sampun cocog kaliyan raosing manah, lajeng Kartadikrama dipun ulungi arta kretas atusan kalih, Sastrawirya ugi tumut nyemerepi.

Ingkang sasampunipun tiyang kekalih lajeng mantuk, dumugi irig griya Kartadikrama lajeng kengkenan tumbas candu sarwi seretan lan punapa ingkang dipun kajengaken dipun dugeni. Menggah panganggening arta Kartadikrama kados dene arta anggenipun manggih kemawon, sampun mboten mawi ngingak-ngingak ing dinten wingking. Samanten ngantos andadosaken kasusahanipun Karta estri, nanging apik badhe mambengi kajengipun ingkang jaler, wekasan namung lajeng kendel kemawan. Kacarios sareng arta kantun 20 rupiyah. Kartadikrama saweg keraos susah manahipun, amargi nek dumugi prajanji nyaur, mongko raos-raos dereng wonten ingkang kajagekaken, wekasan lajeng semados kaliyang Sastrawirya, dipun jak madagang dhateng Samawiso kaliyan ambekta wade 10 kadhi tiyang kekalih. Enggalipun sampun pangkat saking Ngayogya. Nanging dumugi Semawis peparingipun kirang pajeng, ugi pepajengan sakedhik balik kedhik, nanging aertanipun lajeng telas katedha kemawan, malahmalah menawi sakinten badhe kabetah lajeng mendhet wade kagatosaken. Mila tiyang kekalih wau wonten Semarang mboten lami. Kacarios lajeng dhateng Demak numpak kareta latu, dumugi ing Demak wade ugi kirang pepajengan, wekasan lajeng dhateng Kudus, Jawana, Rembang, tuwin ing Blora, peparingipun sami kemawon kalian rikala wonten ing Semarang, nanging daganganipun tiyang kekalih kantun 5 kodhi, dene telasipun ingkang 5 kodhi wau kejawi ingkang pajeng namung kagantosaken tuwin kasade kalian peksa, kangge nedha tuwin nyeret wonten ing purug.

Wasana wonten ing Blora mboten dangu, samanten tiyang kekalih sanedya mantuk dhateng Ngayogya, sampun numpak kareta latu ingkang dhateng Purwadadi, ananging wanten ing Purwadadi, Gindhihp tuwin ing Sala mboten mawi nyipeng, lajeng kemawan dumugi ing Ngayogya.

Kacarios Kartadikrama sampun dumugi ing griyanipun, kalian

Sastrawirya. Karta estri sumerep ingkang jaler kaliyan kakangipun dhateng, kalangkung anggenipun kusung-kusung kanthi bingah ing manage. sarta kanyana yen anggenipun gegramen kauntungan dene daganganipun ketingal kantun sakedhik ingkang kabekta wangsul, mboten sumerep yen taksipun wau namung katedha kemawon.

Saweg semanten sareng sampun sami seretan, Sastrawirya wicanten dhateng Kartadikrama tembungipun: lah priye iki ta, dhuwit papayaning wade kempitanku akeh temen kalonge. Lah apa sing tak enggo nglirohi? Sabab nek ora genep mesthi dadi nepsune kakang Suradikrama.

Kartadikrama mangsuli, tembungipun: yen bab niku kakang ampun turut ngrembag, amargi barang wau sumerep sampeyan saking kula, mboten saking kang Sura, mila sampeyan empun mboten perlu lawanan kalih kakang. Onten napanapa mangke kepanggih onten kula piyambak. E .... ya sukur nek wis mangkono karepmu, dadi saananing dhuwit pepayon iki aku uga wis cukup pasrah menyang kowe bae, ora menyang kakanginu.
Inggih ngoten.
Lah hiya ta, tampanana. Iki dhuwite wade sing sakodhi, kalong kok jaluk ana ing Blora 20 rupiyah, iki kari 25 rupiyah. Kejaba iki dene sing kok Jaluk dhek ana Rembang sakodhi. Dadi iki petunge wis ganep. Mongso barongo aku pasrah. Tumunten barang kaliyan arta dipun tampani dening Kartadikrama, Sastrawirya lajeng mantuk. Sapengkeripun, Kartadikrama lajeng kepanggih bakul wade, mana mbok Martakarya, perlu nawekaken wade ingkang dereng pajeng wonten ing purug, kapetang taksih 5 kodhi kirang sakedhik. Mbok Martakarya ugi ngajengi, nanging sadaya katumbas 150 rupiyah. Sarehne Kartadikrama sanget betah, wade dados kasubahake, sabab artanipun lajeng badhe kangge nyaur utang anggenipun nyebrak dhateng Karyasetika, dene rikala samanten malah sampun kalangkung saking prajanji.

Sareng wade sampun dipun artani Kartadikrama lajeng mantuk, nanging mampir kepanggih Sastrawirya, sanjang yen badhe mangsulaken arta dhateng Karyasetika. Sastrawirya dipun jak supados tumut nyumerepi. Wasana tiyang kekalih sampun mangkat saking griya,

mboten dangu dumugi ing griyanipun Kartasetika, tumunten ingkang gadhah griya medal manggihi sami linggih ing amben. Kartadikrama lajeng wicantun, tembungipun: kula nuwun kang, sowan kula punika badhe ngudaraken kagunganipun sampeyan arta. Dene kula sampeyan paringi tulungan inggih sakalangkung anuwun.

Kartasetika sareng mireng ketingal laga ing manah, wasana wedaling wicanten kalangkung sumeh, tembungipun: E.... makaten. Punapa sampun dumugi anggen sampeyan ngangge? Inggih sampun, namung samangsa kula betah kemawon mugi kapareng nyuwun malih. Inggih prayogi.

Tumunten arta kawical langkep saanakipun, lajeng dipun tampeni dening Karyasetika. Sasampunipun tiyang kekalih sami pamitan mantuk. Ingkang gadhah griya semu nyandhet, wicantenipun: teka lajeng badhe kundur? punapa mboten mangke-mangke?

Sastrawirya mangsuli, tembungipun: inggih nuwun kang, emben-emben kemawon kula sowan malih ingkang dangu, dene sapunika nyuwun pangapunten, selak badhe wonten perlu sanesipun.

E, inggih mangga kemawon.

Tumunten tiyang kekalih sareng medal saking griya, nanging Kartadikrama mboten mantuk, lajeng mampir seretan dateng griyanipun Sastrawirya, mantuk-mantuk sareng sampun kraos wuru. Dumugi ing griya lajeng panggih semahipun, nanging ingkang estri mboten bungah, malah ketingal susah ing manah, amargi wau mireng ginemanipun ingkang jaler kaliyan kakangipun. Yeng anggenipun madagang katunan, wewah sumerep badanipun ingkang jaler sanget kera tur ketingal ambesisik, mangka bandhanipun ing griya ingkang pengaji sampun telasan, jalaran anggenipun nyeret ingkang jaler saya ageng, sarta kala-kala kesah mardagang kerep mboten pepajengan. Dados saumpami tutuhan makaten awis sanget pisiran, wekasan panetahing batos mboten liya dhateng kakangipun piyambak, dene ing ngajeng punika ingkang marahi simahipun dadas nyeret. Nalika samanten lajeng tuwuh engetanipun Karta estri, sanget mboten sabiyantu yen ingkang jaler wau kelajeng-lajeng anggenipun nyeret, nanging tansah pakewet kados pundi reka dayanipun supados saget kendel, sabab yen ningali solah bawahipun tiyang kekalih, langkung langka yen sanget ambucal kesenanganipun ingkang makaten wau. Wasana saking sanget

susahipun Karta estri katingal mboten patas gita ingkang jaler dhateng, beda bektinipun kaliyan ingkang sampun.

Bagian 6

Kacarios sareng sampun antawis dinten, Suradikrama mireng yen adhinipun sampun dhateng, jalaran dipun sukani sumerep Mbak Martakarya, yen mentas tumbas 150 rupiyah, nanging Suradikrama dipun wantos-wantos sampun ngantos walih yen mirengipun wau saking piyambakipun, kaakena yen mireng piyambak kemawon. Wasana Suradikrama sanalika tuwuh muringipun, nanging sareng enget dhateng sadherek sarta wontenipun dagangan wau saking bathon tiyang kalih, dados lajeng andhek, wekasan sapengkeripun Mbok Martakarya, Suradikrama kengkenan ngundang adhinipun. Mboten dangu Kartadikrama dhateng, nanging sarehing rumaos kalepatan, dados ketingal ajrih dhateng sadherek sepuh, tur Suradikrama sampun mboten wonten mitranipun yen muring-muring, mila sareng adhinipun linggih, lajeng dipun taken kaliyan sareh, tembungipun: priye, dhi, wusanane alehmu lunga mardagang? aku wehana weruh. Nek bathi sapira bathine, nek rugi sapira rugine, sabab ananing dagangan sing kok dol iku aku melu anduweni.

Kartadikrama sareng dipun takeni kakangipun lajeng mangsuli kanthi ngrerepa, tembungipun: inggih, waleh-waleh napa kang, nek sampeyan taken barang sing kula sade, sajatose empun telas. Inggih kula priyambak sing nelasake. Lah saiki dhuwite ana endi? aku arep weruh!

Artanipun ugi sampun telas, inggih kula sing nelasake. Rehning mangkono karepmu, aku saiki ming anjaluk benere wae kepriye!

Nek kakang nedhi lerese inggih empun ngeten mawon: supados kakang mboten badhe kesalahan, wade 10 kodhi sing empun telas onten kula, mila inggih kaserapna gadhah kula kiyambak, kakang empun mboten perlu nyumerepi, nanging kakang ugi lajengan mendhet kiyambak, nggih sami 10 kodhi. Wekasan wade kantun pinten kadhi, tumunten niku palih, sing sebagian gadhahane kakang, sing sebagian kula. Dene sakathah-kathahe kalepatan kula inggih mboten kula selaki, mboten langkung kula inggih mung nedha pangapuntene.

E., iya ta, nek mangkono gampang, aku ya wis trima. Dene kowe asrah kaluputan apura, mung ing dina mburi bae aja mangkono ora becik.

Rikala samanta Kartadikrama wonten griyanipun kakangipun ngantos dangu, amargi lajeng aniti-niti kawontenan-ing bondho tuwin seratan ingkang dereng kabag, punapa dene ingkang sampun dados wade. Menggah patrapipun Kartadikrama ingkang makaten wau mboten namung ing sapunika kemawon, nanging sampun wit rikala dereng sesemahan rumiyin, saben-saben ninggali padamelan ugi makaten, sabab piyambakipun rumaos tumut anggadhahi, dados ing batos sampun mboten pekawed, wantos wontenipun sadaya barang wilujeng.

Sareng wanci jam 2 Kartadikrama dipun jak nedha kakangipun dados sabakdanipun nedha lajeng mantuk, awit sampun ngadadipun tiyang nyeret, yen mentas nedha kedah lajeng nyeret, mila Kartadikrama ugi makaten. Sareng dumugi ing griyanipun lajeng tatrap nyeret. Nanging saretiing radi keraos sayah awakipun, dados nuli tanpa antawis. wekasan lajeng enggal wuru, sanalika ngantos mboten raos yen badhe kalajeng tilem.

Mboten dangu lajeng wonten kengkenanipun Suradikrama,. perlu angundang Karta estri, sabab badhe dipun takeni padatanipun ingkang jaler. Tumunten Karta estri mangkat saking griyanipun, sareng kaliyan lampahipun kengkenan wau, nanging Karta estri mawi tilar weling dhateng rencangipun, mangke yen samangsa ingkang Jaler taken, kacriasra dhateng wande, sukur yen wangsulipun ingkang jaler dereng tangi.

Mboten dangu Karta estri dumugi ing griyanipun Suradikrama, lajeng Suradikrama jeler estri sami manggihi, tumunten ingkang jaler pitaken, makaten tembungipun: kowe mrene mau bojomu agi apa?
Karta estri mangsuli: tembungipun: saweg tilem.
Lho, da.di mentas saka kene mau banjur turu?
Inggih, nanging sampun ses.
Dadi bojomu ora weruh kowe mrene iki?
Inggih makaten.
E, lah, mokten-mokten mangkono karepe.
Nanging ya kabeneran, amarga kowe tak undang iki satemene mung arep tak takoni. Priye bojomu iki saiki? Tak rungokrungokke teka

ngrekasa temen ta lelakone, iku apa sababe? Mongko nek dipetung kauntungane olehe bathon nyambut gawe iki, kaya-kaya rak ora kurang nek ming dipangan bae. Salagine diseret pisan, nek nganggo duga-duga layak ya ora nganti ngrekasa. Dene satemene serete bojomu iku sing mesthi pira sadinane? lah teka saben-saben ngrowok dhuwit bathon.
Yen kakang taken bab tadhahipun wadat Kang Karta ing sapinten, dene sumerep yen kula pancen kirang sabiyantu. Dados ingkang mesthi inggih tumbas piyambak, yen mboten kengkenan kang sastra. Lah sing mesthi kok blanjakake butuh apa?
Inggih namung ingkang katedha, lan sadaya ingkang kangge ing griya saben dintenipun.
Lah kuwi kowe dipanci pira sadina?
Namung sarupiah sampun kaliyan ubarampenipun sadaya.
Lah nek sing dipangan mung samono bae pancene rak akeh mayare, nek ora kakehan panyerete bae.
Lah panggape menyang kakangmu Sastra iku bojomu kepiye ta?
Sumerep kula kemawon inggih pundi ingkang wonten nanging sayetose inggih kang Sastra ingkang kerep karayat, awit sagedipun angrayat. Mila kula ing batos tansah ngtupados rekadaya, kados pundi marginipun supados saget sami kendel anggene nyeret, sabab mboten liya saking senengan punika ingkang andadosaken karisakan kang Kerta. Nanging kajeng kula ingkang makaten wau mboten badhe saget kalampahan, jalaran tangeh arigsala akal ingkang dados jampining kasangsaranipun tiyang kekalih. Wasana ing samangke mboten liya namung kakang ingkang tempahaken, supados karsa suka pirsa teng mas Karta. Sarta sampun wajibipun sadherek sepuh asung pepenget dhateng tiyang enem, ingkang nuju kelintu ing lampah. Ambakmenawi peparengan kaliyan pangapuntening Gusti Allah. La rak piyambakipun lajeng saget mantun anggenipun nyeret. Sanadyan mbotena kendel namung saget anyenyuda kemawon sampun pinten dinten kabegianipun kang Karta.
Nek tak pikir ya bener kowe. Ewadene arep tak titahake sawetara dina. Nek ara ana sudane olehe sak gumampang, mengko karuhane. Mesthine ya bakal kelakon panjalukmu mau. salang surup Wis ta baliya. Nek selak tangi bojomu, ambokmenawa saling surup panyanane, mundhak wekasane ora becik. Tumunten Karta estri mantuk, dumugi griya

kepareng ingkang jaler dereng tangi. dados mboten sumerep yen ingkang estri dipun undang kakangipun, wekasan satanginipun Kartadikrama mboten wonten wicara ingkang ndadosaken pasulayaning pasedherekan. Kacarios Kartadikrama, sareng sampun nate angsal nyambut arta kalajeng sayatan dumugi samukawis pakajenganipun, amargi tekadipun, samongso kabetahan namung badhe nyambut malih, dene ingkang sampun kalampahan lajeng angsal. Mila piyambakipun tiyang ingkang rumaos kerep kekirangan punika makaten. Yen samangsa wanten ingkang ngandel. saben-saben kabetah cekapanipun inggiti namung badhe nyambut wekasan dangu-dangu lajeng wanuh, kados dene Kartadikrama.

Punika inggih sampun kalampahan nyambut malih dhateng Karyasetika, kathanipun kepara langkung kalian ingkang sampun, nanging artanipun inggih lajeng mboten tumomo punapa-punapa, ingkang perlu kangge jajagi seretan kalian Sastra saben dinten. Sareng sampun meh ndungkap prajanji, lajeng bingung ingkang badhe kangge nyaur, wekasan ingkang cepak namung ngrowok arta bathon, tuwin mendhet wade ngantos pinten-pinten kodhi, lajeng kasade kelayan mirahan kemawon. Sanadyan punika nyade daganganipun piyambak, nanging nuwuhaken pranggaita ingkang kirang prayogi, awit kakangipun ing batos lajeng gadhah sumelang, sumerep yen Kartadikrama mboten saget mantuni ngadatipun ingkang makaten wau, saestu ing tembe badhe dhumawah ing kamlaratan. Wasana kang sanget parimirma sarta sampun ngantos dipun wastani kainan ngatasi sadherek sepuh, Suradikrama lajeng kengkenan rencang ngundang adhikipun. Mboten dangu Kartadikrama dhateng lajeng linggih wonten ngajenging kakangipun, sareng sampun sauntawis, kakangipun wicanten, makaten tembungipun:

Karta, mulane kowe tak Lundang, perlune mung arep tak tuturi, nanging aja pisan-pisan kowe kaliru panampa, yen aku sengit sarta menging sing dadi kekarepanmu, ora luwih mung saka welasku menyang sadulur, amarga katimbang kowe nganti tumiba ing papa luwung ora. Satiyare lakumu mung kudu ngati-ati, mangka kowe iku tak rungok-rungokake ora mangkono, samubarang karep ora kanthi dedunga, ora nganggo kamurwatan weturiing pihakmu saben dina. Kanyata: kasenenganmu nyeret iku nek bisa ambok undur-undurna saka sathithik, supaya ara nganti ngrekasa pangupa Jiwamu dadi pikiranmu tentrem ara ngangsa

sadina-dina. Sanaten adhinipun ngantos mboten mangsuli namung tansah tungkul kemawon, dening rumaos yen awakipun piyambak ingkang lepat, dados kathah airihipun dhateng sadherek sepuh. Wasana wangsulanipun Kartadikrama sanget angrerepa, tembungipun: inggih, kang, sakathah-kathahipun lepat kula; kula nedha ngapunten. Dene pepengete kakang niku sadaya empun leres, mboten onten sing nuwun, sarta sasaged ajeng kula lampahi.

Iya ta pepuji banget, muga Gusti Allah nyembadani sakarepmu sarta cukup nyandhang mangan sing metu saka karingetmu dhewe, tegese: ora nganti anjejaluk menyang sanak sedulur tuwin wang liya. Nek bisa mangkone, iku wekah kang utama.Mulane kowe aja pisan-pisan anyana, yen olehmu banget pepiling iki mung suthik ngopeni kowe yen timbang kemlaratan mungguh wadine iya mung mangkono mau.

Kacarios Kartadikrama sareng sampun dipun wulang kathah-kathah lajeng mantuk, salebeting manah kados-kados inggih badhe saget anglampahi nanging Gusti Allah dereng maringaken enget, dados inggih mboten dangu Kartadikrama lajeng wangsul malih watekipun kados ingkang sampunsampun, malah samangke saya sugih sambutan, sareta yen kala-kala nedha dagangan dhateng kakangipun, barang mboten wangsul arta mboten thukul. Bareng sampun rambah-rambah makaten, Suradikrama taken manahipun, dados lajeng kengkenan rencangipun ngundang adhinipun, mboten dangu Karta dhateng. Sasampunipun linggih sauntawis, Suradikrama nunten wicantun, tembungipun semu sereng: Wis ta dhi, sarehing wis rambah rambah kowe lan Sastra padha banget weya, tansah gawe rusaking bandha, saiki wis padha nyambut gawe dhewe-dhewe bae, sabab nek dibanjurake saya mundhak ora becik. Dene dagangan sing wis ilang ana ing kowe ya wis ora dak etung, mung isih ing wade lan bekakasing ngecap iki aku trima dibagi bae. Dene nek kowe anjaluk dhuwit ya tak wenehi, sapira kreta ajining barangmu. Kajaba iki ana dhuwit 1000 rupiyah, nek diporo dadi limang atus rupiyah. Kapriye ta karepmu., aku mung manut bae, samanten Kartadikrama langkung banget mireng wicantunipun kakangipun, saking mboten nyana pisan-pisan yen kakangipun badhe gadhah kajeng makaten, wasana wangsulanipunugi semu sereng, tembungipun: inggih ta empun, nek ngaten kajenge kakang kula inggih manut, nanging arta lan bekakasing ngecap kula tedha malih mawon, sabab nek saget nggih ajeng kula engge nyambut damel piyambak.

Ya becik. aku Jumurung banget.
Sasampunipun makaten tumunten arta kaliyan paraboting ngecap kapalih. Kartadikrama lajeng kesah ngupados laku. mboten dangu sampun angsal, nunten barang daganganipun kaemataken. Kartadikrama lajeng mantuk, sareng-sareng kaliyan cikar ingkang ambekta barang wau, sareng dumugi ing griya Karta estri semu kaget, sumerep ingkang jaler dhateng kaliyan ngirid cikar momat paraboting ngecap, dados lajeng anyana yen ingkang jaler sulaya kaliyan kakangipun. Sanalika manahipun sakalangkung susah, nanging dangu-dangu lajeng kapupusing kapesthen, jer semahipunpiyambak ingkang lepat. Sapisan mboten gemi dhateng bandho, kaping kalih mboten mituhu pepengetan sedherek sepuh, wekasan lajeng ngicalaken paparcayan, mila ing batos karta estri lajeng anrimah ing takdir, yen kedah makaten lampahipun ingkang jaler.

Bagian 7

Kacarias Kartadikrama kengkenan rencangipun ngundang Sastrawirya, mboten dangu dhateng. Sareng sumerep bat repoting ngecap, Sastrawirya semu kaget, wasana lajeng enggal-enggal pitaken, tembungibun: lho, iki priye? teka cap jarit lan sapirantina digawa mrene? Iki priye? teka jarit lan sapirantine digawa mrene? keprive ta? Wangsulane Kartadikrama sawi mesem, tembungipun: Gek niki kang, kajenge kang Sura. Saniki empun mboten purun bathon kaliyan kula, sabab mangke mindhak kula rusuhi mawon, mboten wurung badhane mangke katut kula pendhet. Mila saderenge lajeng ngajak pedhot rujan. Dene kula inggih nrima, tiyang kedah ngoten kajenge kakang.

Sastrawirya sareng mireng cariosipun Karta, ketawis sanget ariggenipun getem angengen, dados ngantos dangu mboten wicantun, wasana wicantunipun ketawis yen tumut susah, tembungipun: ya sapulah-pilah wis begiamu kudu mung samene olehmu rerukunan nyambut gawe lan kakangmu. Lah sawise priye karepmu.
Nek kajeng kula, milane niki lap saparaboting kula tedha kang sapalih, perlune inggih ajeng kula angge madeg juragan dhewe. Kakang rak inggih purun biyantu ta?

E, gelem apa maneh.
Lah kejawi kakang piyambak, kinten-kinten mbak ayu rak nggih purun ngrencangi ta? Nek ming nyadek-nyadekake wade mawon rak ngglh saget.
Nek gelem ayake ya bisa. Ewadene ya tak tarine dhisik.
Lah, inggih. Saumpami dereng kulina sade piyambak, inggih mikulakne nawek-nawekaken mawon, nek gadhah pitepangan bakul.
Iya prayoga.
Lah saniki kakang kula tedhani tulung ngupados tiyang kang saget ngecap. Nek angsal tiyang sekawan, mbotena inggih sapinten ontene riyen. Lan niki ohten wade 10 kodhi, nek saget sampeyan padosake bakul, mangke nek pajeng artane kenging kangge wewah-wewah pawitan. Iya tak golek. Gajege kidulku kae ya ana bocah sing wis bisa ngecap. Nek durung duwe juragan mesthine ya gelem nyambut gawe mrene, sabab satemene pancen angel golek pangecap iku, jalaran wang sing wis padha bisa iku langka yen trima ngenggeni, kang akeh ya wis padha digawe golek pangan
Inggih empun mongso borongo kakang, watone enggal angsal. Iya ta, nek wis mangkona karepmu, mengko ning kene dugaduga ana aku dhewe.
Tumunten Kartadikrama ngundang rencang dipun ken ngajengken wedang Ian parabotipun madat. Tiyang kekalih lajeng sami seretan, kasambi guneman. Sastrawirya pitaken tembungipun: lah bojomu priye? Rak iya kok kon rerewang? apa sing kok butuhke.
Mboten kang, namung kula sakajeng mawon, awit semene mboten pun mbiyantu.
Ya wis, mangsa kuranga wong gelem mbiyantu. Samariten sareng sampun wanci lajeng dipun wedali sekul jarigkup salawuhanipun, tiyang kekalih lajeng nedha. ing sasampunipun Sastrawirya pamitan badhe ngupados tiyang, enggalipun sampun angsal tiyang sakawan, ingkang saget ngecap, lajeng tata-tata sadaya pirantos. Sareng sampun wonten lilin, mori sapanunggalipun, pandamelan lajeng aniyah (wiwit). Sanalika wau lajeng kathah tiyang-tiyang nedha pandamelan, kadostai pandamelan ngerok, mbironi, nyoga, tuwin sanes-sanesipun. Janji kangge pandamelanipun, ingriku ugi katampan, dene ingkang kapiandel mandhori sadaya tiyang ugi Sastrawirya. Samanten wonten satunggale bakul nama mbok Karyawirana dhateng griyanipun Kartadikramama,

awit dipun criosi Sastrawirya, yen Kartadikrama gadhah wade pinten-pinten kodhi, mila dhatengipun wau sunedya badhe kilak, nanging saweg samanten Kartadikrama dateng peken. Dados mbok Karyawirana mboten saget pinanggih, namung dipun panggihi dening Sastrawirya piyambak, sarta mbok Karyawirya sampun dipun sukani sumerep, yen adhinipun sepen. Wasana lajeng pitaken makaten: lah, kinten-kinten dangu punapa mboten ingkang rayi punika?

Sastrawirya mangsuli: tembungipun: wau mboten mawi tilar weling, dados kula mboten saget nemtokaken dhatengipun.

Lah perlu kula punika kados pundi? punapa mboten cekap dhateng sampeyan kemawon?

Mboten, sampeyan kedah kula purih ngentosi sawantawis. Lah mangke tuwas kula entosi keng rayi mboten dhateng tumuriten.

Mangka kula selak kesiangan anggen kula dhateng peken.

Enggih ta empun ngaten mawon mbok: yen sampeyan selak perlu, mangke sonten mawon sampeyan dhateng griya kula, barange kula bektane muka, katimbang sampeyan mriki katebihan.

Lah nggih ta yen ngaten, lah mangke jam pinten anggen sampeyan mantuk?

Jam 5 mawon sampeyan kula ajeng-ajeng. Enggih ta empun, kula sampeyan lilani. Enggih ta mbok.

Tumunten mbok Karyawirya kesah, mboten dangu lajeng Kartadikrama dhateng.

Sareng sampun linggih lajeng dipun sukani sumerep yen wau wonten bakul badhe kilak wade. Tumunten Kartadikrama pitaken, tembungipuin: Lah sanika pundi kang? tiyange. Kok mboten sampeyan ken ngentosi kula?

Sastrawirya mangsuli, tembungipun: ya wis tak kon ngenteni mau. Lah, wonge ora gelem. Jarene selak kawanen olehe menyang pasar.

Lah namane sinten kalih tiyang pundi niku kang?

Jenenge mbok Karyawirana, nek omahe kidulku kana.

Lah wekasane rembug pripun?

Mau wis tak wangsuli mangkene: mengko jam 5 kae tak kon menyang omahku ketimbang dheweke iku mrene kadohan, becik barange bae mengko aku mulih tak gawane.

E, enggih sukur kang nek ngoten. Lah mangke sampeyan ajeng ambekta pinten kodhi?

lya sakodhi bae pisan. Gampang mengko nek kewadeyan.
Lah kejaba iku, saumpama ana sing arep ngempit apa kowe aweh?
Ngoten wau enggih mawi mawang sarta mangertosi. tiyange. Nek pancen temen mbotena ta gampil. kula inggih angsal. lya ta. nek mangkono karuhane. Mengko tak golek wong sing sakira temen. sabab nek ora dikempitake, barangmu mau ora enggal entek. Nek mung ngenteni wong sing kulak bae ora bisa ambabar dhewe.
Mila inggih, kang. Sareng sampun jam 5 pandamelan kendel, tumunten Sastrawirya ambayari tiyang ingkang bayaripun dintenan. Sasampunipun lajeng mantuk, kaliyan ambekta wade sakodhi. Dumuginipun griya mbok Karyawirana sampun wonten ngriki, dipun panggihi Sastrawirya estri. Anggenipun ambagekaken Sastrawirya sawi gumujeng, tembungipun: Sampeyan empun dangu mbok?
Mbak Karyawirana nimbangi mesem mangsuli: dereng dangu.
Sastrawirya tumunten manggihi sandhing ingkang estri, lajeng wicantun makaten: lah niki wadene mbok, empun kula bekta, mangga sampeyan tingali!
Inggih nyuwun priksa.
Wade lajeng dipun ajengaken, tumunten sadaya dipun tingali dening mbok Karyawirana, wasana pangawisipun namung 30 rupiyah sakodhi. Dados Sastrawirya mboten nyukakaken, amargi taksih kaot kathah kaliyan ingkang sampun-sampun, saweka kapendhet wraganipun dereng sambut. Wekasan mboten dangu Karyawirana lajeng mantuk. Sapungkuripun tumunten wonten kengkehanipun Kartadikrama angundang Sastrawirya badhe dipun jak andugekaken rembagan.

Mila sareng jam 8 Sastrawirya pangkat saking griyani pun, nanging anggenipun ambekta wade sakodhi mboten kabek-ta wangsul, amargi pambektanipun wau mawi kaberahaken, dene griyanipun Sastrawirya klangkung tertib. Mboten dangu Sastrawirya dumugi ing griyanipun Karta, lajeng dipun jak nyeretan, sawi guneman warni-warni. Wasana Kartadikrama pitaken, tembungipun: pripun kang? wadene wau kadadosan napa mboten?
Sastrawiya mangsuli: ora amarga panganyange ora memper.
Kejawi niku kang, hambok sampeyan pados piyambak sing empun nate dagangan, diken nyadekake barang niku. Sukur nek empun nate teng sanes nagari, sabab kula rembag, nek saget pajeng kok kathah temen

kaote, katimbang pajerig onten ngriki mawon. Mila eweding anah kula, saumpami kula piyambak sing mlampah, mangke pripun ing griya. Lah nek sampeyan, mangke mboten onten sing nenggani pandamelan niki. Milane nek sampeyan gadhah tepang-tepangan tuwin sanak sedherek, sampeyan tuntun nek saget.
Nek sing wis tak kulinani padatane. kajaba si Prawirareja kae, kaya-kaya akeh temene, lan isih kapernah sanakku, malah biyen ya wis tau mrene. Apa kowe kelalen.
Mboten, kula inggih kengetan. Lah mbok enggih niku mawon kang, sampeyan tantun nek kedugi, sarta teng pundi kajenge kula turut mawon.
Iya ta: tak tarine dhisik nek gelem. samanten anggenipun gineman tiyang kekalih ngantos jam 2. Sastrawirya sampun mantuk. Dumugi ing griya kaget sumerep sandhing kori kababah ing dursila, dados sanalika salebeting manah lajeng prayitna, ngintip-intip sarta mirengmirengaken ngantos dangu wonten ing niawi, kakinten yen pun dursila taksih wonten ing salebeting griya. Nanging sareng sumerep kori mboten rapet lajeng anggraita, yen sampun kabikak slarakipun. sareng kadedel saking niawi, kori lajeng menga, Sastrawirya saweg purun mlebet ing griya, awit dipun kinten yen dursila sampun kesah, wasana Sastrawirya wonten ing lebet griya lajeng nglindang ingkang estri, tembungipun: lah, lah, iki Iho omahe dibabah maling, teka enak-enak turu bae, ambok enggal tangi ta.

Sastra estri sareng dipun undang ingkarig jaler, radi kaget saking salebeting tilem, dados lajeng tangi gragepan, wekasan tiyang sagriya sami tangi sadaya, tumunten sami ningali isining griya, punapa ingkang kabekta ing dursila. Nanging sedaya gegadhanipun Sastrawirya taksih wetah, dene ingkang kabekta ing dursila wau namung wade sakodhi gadhahanipun Karta. Mila sareng sastrawiya sumerep, yen wade dipun bekta ing dursila, lajeng nyuwanten sora: lho, jebule wadene si Karta sing digawa maling.
Tumunten ingkang estri nyambeti wicantun, tembungipun: lah, pripun niku. Mangka wade-wade dede gadhahane, mangka dados prakawis, nek yen tanpa trimane si adhi.

Ah, layak ora ta: wong nyatane kemalingan temenan, setun ya mung mbalekake klayan nicil. Iku nek ana trimane si Karta. Nanging tak kira ora nek mengkona iku.

Enggih empun sukur, nek mboten dados prakawis.
Sareng sampun enjing Sastrawirya lapor dhateng polisi ingkang ambawahaken. Polisi tumunten dhateng kaliyan juru seratipun. Babagan lajeng kaukur panjang wiyaripun. Sasampun lajeng Sastrawirya kadangu barang ingkang kabekta ing dursila. Sastra angaturaken, yen karling wade sakodhi. Sareng sampun rampung priksanipun, pulisi lajeng kesah. Sapengkeripun Sastra ngundang Prawirareja, dipun tantun, yen purun badhe dipun ken nyadekaken barangipun Karta. Pun Prawirawirya ugi purun, wasana lajeng dipun jak dhateng griyanipun Karta. Mboten dangu lajeng dumugi, tumunten Sastra carios dhateng Karta yen griyanipun kababah dursila.

Kartadikrama sareng mireng semu kaget, lajeng enggal taken, tembungipun: lho, pripun kang, kemalingan? Lah sing dipendhet napa? Lah, malinge napa sing dibekta?
Ora ana maneh, ya ming kuwi.
Kartadikrama sareng mireng ketawis semu getem, wasana lajeng wicanten malih tembungipun: Lah saweg sampeyan onten ngriki wau dalu dursila empun malabet napa dereng? Sastrawirya mangsuli: uwis! ya iku weruhku, bareng aku mulih kae. Nanging dursila wis lunga, sabab sadurunge aku cedhak karo omah wis sraba-sraba dhisik, dadi kira-kira lungane bareng krungu sraba aku teka, nanging mula mangkono. Sing tak pamrih si dursila aja nganti kepengkok, awit ketongkok nyemelangio terkadhang banjur wani nyorok pangantem temenan. Mongko mesthine aku kalah pramana, jalaran aku ora duwe panyana yen kono ana maling.
Who, enggih empun sukur kang, anggene padha keslametan. Bondho ngoten nek pancen taksih digadhekake, sesuk esuk rak inggih bali. Nanging kakang niku wau enggih empun lapur teng pulisi ta?
Iya uwis, malah ya banjur dipriksa sanalika. Enggih empun sukur.
Sareng Sastra mireng wicantunipun Karta makaten lajeng ayem manahipun, dene tetela icaling barang wau sampun mboten badhe katempahaken. Wasana Sastra lajeng wicantun, tembungipun: iki mas, si Prawirareia, tak tari wis gelem ngedolake daganganmu.
Malah kebeneran iki dheweke arep tilik sanake menyang Kediri, dadi ngiras dagangan. Nek pepayon. dheweke rak iya melu untung, ambakmenawa sepurane tuwin pangane ora nganggo ngrogoh kanthong,

wis nyukupi bathine bae. Kartadikrama mangsuli tembungipun: e.... inggih sukur. Lah si adhi lajeng mbekta pinten? kula turut mawon. Sakodhi pa telung kodhi?
Prawira mangsuli, tembungipun: inggih kalih kodhi kemawon rumiyin, gampil menawi wanten ngrika pajeng, kula kantun serat nyuwun malih. E, inggih ta.
Sasampunipun Karta wicanten, tumunten Prawirarejo dipun sukani wade 2 kodhi. Enggalipun lajeng matuk, sarta wade kalih kodhi wau pangkat numpak kareta latu saking statsiun Tugu, nanging mboten kacariosaken wontenipun ing margi.

Kacarios anggenipun nyambut damel Kartadikrama, lestantun kabantu dene Sastrawirya. Pancenipun inggih lajeng kathah tiyang ingkang tumut madamelan, nanging peparingipun lampahan yen badhe mindhak rejekinipun Kartadikrama, dados sakathaing wade kang kakempit dening bakul tuwin kasade piyambak sami wangsul, jalaran kering pajengipun. Mongko ing saben dinten kedah ngedalaken arta, kangge berahan tuwin tutumbas samukawis, wewah-wewah tiyang kekalih wau anggenipun sami nyeret lajeng mindhak kathah ketimbang kaliyan ingkang sampun-sampun, dumeh rumaos nyandhing arta kathah, mboten anginiten yen dangu-dangu artanipun kas sampun saya tipis. Mila sareng Kartadikrama sumerep yen badhe kekirangan arta, lajeng ing batos gadhah pangajeng-ajeng dhatengipun prawirareia. Dene sampun sawatawis wulan dereng mantuk. enggalipun mboten ngantos antawis wulan malih Prawirareja dhateng, nanging wade ugi pajeng sakedhik, dados kauntunganipun mboten nyekapi kangge sangu salebetipun Prawirareja wonten ing paran, mila tambah ngrogah kanthongipun piyambak, nanging sareng crios dhateng Kartadikrama lajeng badhe dipun lintos sapinten tambahanipun.

Samanten sareng arta ingkang kangge ambayari tiyang nyambut damel sampun telas, sakathahing wade lajeng kasade miratian kemawan, ewadene seretipun tiyang kekalih mboten wonten sudanipun. Wekasan leres Karta estri anggenipun mboten purun ambiyantu punika making pakewet manahi.pun, awit sumerep padataning kakangipun kaliyan ingkang jaler, yen badhe mboten saget ngirangi ingkang margi saweg kasepen arta. Mangka yen tansah kalajeng-lajeng kadas mekaten kemawan, mboten wande ing tembe saestu dhumawah kemlaratan. Dene

antawisipun sampun wonten, sadaya dagangan ing saben wulan tansah mundur. beda kaliyan Suradikrama. anggenipun madeg juragan taksih penggah kemawon, mboten ewah kados ingkang sampun kalampahan.

Bagian 8

Kacarios Kartadikrama anggenipun madeg juragan saweg satahun, ing mangke tiyang ingkang nyambut damel sampun kathah ingkang medal, jalaran kerep kasep saking mesthinipun sampun pinten-pinten dinten saweg kabayar. Rikala samanten Karta kaliyan Sastra pirembagan, wicantunipun Karta dhateng Sastra makaten: Pripun kang Sastra, supados pandamelan niki sampun ngantos kalajeng ambruk? Kok angel temen anggeni ngakal. Tur satampama griya dhoyang ngaten empun ping pinten mawon anggen kula nyokong, ewadene kok meksa kalajeng-lajeng dhoyonge, malah niku kados-kadas empun nyepaki ambruk.

Wangsulane Sastrawirya makaten: iya, aku kok ya ora ngerti

Nek rumangsaku kaya-kaya iya wis ora ana sing kekurangan. Mungguh laku-laku tuwinpatraping pagaweyan uga ora beda kaya anggone kang Sura, ananging kana kok ish bae kaya sing uwis-uwis.

Lah, inggih, niku pripun kang, kula kok inggih mboten andugi. dene cape tuwin dading babaren nggih sami mawon saene kalih ngrika, lati ngrika kok saget ajeg tarik. Sareng dagangan ngriki kok mboten, mung ajeng pados mulihing wragad mawon kok angel.

Nek saka kiraku bae ming mangkona. Kakangmu Sura iku ora tau nganti butuh dhuwit, wis mesthi ana sing kanggo wragad tuwin ambayar wongo dadi pangedoling dagangan bisa sabar.

Dene nek tumandhaning wade iya padha bae karo kene, nanging nek samangsa ambudhalake dagangan mesthi bathine. Beda karo kowe kene, tuna mung janji inggal dadi dhuwit bae. Lah suwe-suwe tunane mau ngalumpuk, nanging krasane iya nek wis kentekan pawitan iku.

Inggih memper kang, nek ngaten niku, nanging kula kok enggih dereng narimakaken, taksih ajeng kula wragadi malih, sapisan engkas, nek kedah mboten keduwa enggih empun.

Lah wragade priye? Kowe arep golek menyang ngendi maneh? Gampil, inggih padas sambutan malih, kinten-kinten cekapane punatur. Nek

arepe kuwi angger ana dhliwite 500 rupiyah iya wis kuwat gawe nangekake pagaweyan iki. Nek ngoten, awita kang kang kepanggih Karyasetika, temtune rak enggih angsal ta nek ming utang samanten mawan? Layake iya entuk.

Dene tetanggelane enggih kados sing empun kalampahan. Kalih niku arta ajeng kangge pawitan, milane nek angsal lampah cicilan kemawon, dados mboten mejahake pawitan.

Ya mangkono, wis ayo, menyang saiki bae.

Enggih awi.

Tumunten tiyang kekalih sareng pangkat saking griyanipun, mboten dangu kepanggih Karyasetika, sareng sampun sami dipun bagekaken, Kartadikrama lajeng wicantun; yen dhatengipun ngriku wau badhe nyambut arta, perlu kangge ambantu wragading pandamelan. Peparingipun Karyasetika manahipun teka gampil, amargi sampun rambah-rambah Kartadikrama anggenipun nyambut, dereng nate nyulayani prajanji. sapisan kemawon, dados ing batos karyasetika sampun pitados, mila Kartadikrama lajeng dipun ken damel prajanji, sarta mawi kaseksekna dhateng pulisi kados ingkang sampun-sampun. Wasana tiyang kekalih lajeng mantuk, dumugining griya Kartadikrama damel serat prajanji, sarta sampun kaseksekna ing pulisi. Serat lajeng dipun sukakaken Karyasetika, enggalipun Karta lajeng tampi arta 500 rupiyah. Tumunten tiyang kekalih mantuk, dumugining griyanipun Karta lajeng sami seretan. Sareng enjingipun Sastrawirya suka stimerep dhateng kathaing tiyang, ingkang sami dipun kendeli saking pandamelanipun, supados sami malebet nyambut damel malih.

